# НОХЧИЙН МЕТТАН НИЙСАЙАЗДАРАН КОЬРТА БАКЪОНАШ

СОЬЛЖА-ГӀАЛА
2020

НОХЧИЙН РЕСПУБЛИКИН КУЬЙГАЛХО
ВОЛЧОХЬ ЙОЛУ НОХЧИЙН МОТТ IАЛАШБАРАН А,
КХИОРАН А ЭКСПЕРТИЙН КХЕТАШО

НОХЧИЙН РЕСПУБЛИКИН
IИЛМАНИЙН АКАДЕМИ

НОХЧИЙН МОТТ А, ИСТОРИ А
КХИОРАН ИНСТИТУТ

# НОХЧИЙН МЕТТАН НИЙСАЙАЗДАРАН КОЬРТА БАКЪОНАШ

Соьлжа-ГIала – 2020

УДК 81’35
ББК 81.2 Чеч-8

**ТӀЕЧӀАГӀИЙИНА**
**2020-чу шеран апрель беттан 29-чу дийнахь № 83 йолуш арадаьллачу Нохчийн Республикин Куьйгалхочун Указца**

**Нохчийн меттан нийсайаздаран коьрта бакъонаш** / Джамалханов З.Д., Мациев А.Г., Овхадов М.Р., Халидов А.И. и.д.кх. – Соьлжа-ГӀала: АЙ «Арахецаран-полиграфин комплекс «Грозненский рабочий», 2020. – 224 а.
ISBN 978-5-4314-0419-1

ХӀара Джамалханов Зайндин, Мациев Ахьмадан 1958-чу шарахь арадаьллачу «Нохчийн меттан нийсаяздаран коьрта бакъонаш» цӀе йолчу жайни буха тӀехь хӀоттийна йолу нохчийн меттан нийсайаздаран бакъонийн гулар йу.

Кху тӀехь болх бина Нохчийн Республикин Куьйгалхо волчохь йолчу нохчийн мотт Ӏалашбаран а, кхиоран а экспертийн кхеташонан Белхан тобанан декъахоша: Овхадов Мусас, Халидов Айсас, Вагапов Ӏарбис, Умхаев Хьамзата, Бадаева Ӏайшата, Ирезиев Сайда-Хьамзата, Альбеков Нурвадис, Абдулкадыров Адама, Дадаев Сайд-Хьасана, Солтаханов ИбрахӀима. Цул сов, бакъонаш хӀитточу муьрехь уьш йийцаре йеш жигара дакъалаьцна Аболханов Хьакима, Юнусов Хьамзата, Цуруев Шарипа, Бурчаев Хьалима.

ХӀара жайна пайдехь хир ду нохчийн меттан хьехархошна, филологин декъан студенташна, журналисташна, редакторшна, иштта нохчийн маттахь текстаца болх мел бечарна а.

УДК 81’35
ББК 81.2 Чеч-8

ISBN 978-5-4314-0419-1

© НР-н Куьйгалхо волчохь йолу Нохчийн мотт Ӏалашбаран а, кхиоран а экспертийн кхеташо, 2020
© Нохчийн Республикин Ӏилманийн академи, 2020
© Нохчийн мотт а, истори а кхиоран институт, 2020
© АО «ИПК «Грозненский рабочий», 2020

*«Дино а, матто а, Iадато а мет-тахь латтийна вайн къам массо а хенахь. Шен ненан мотт бицбина стаг нохчи хила йиш йац. Вай ша-дерг дийр ду иза цкъа а ца хилийта».*

***(Кадыров Ахьмад-Хьаьжин Рамзан)***

**НОХЧИЙН РЕСПУБЛИКИН КУЬЙГАЛХО**
**ГЛАВА ЧЕЧЕНСКОЙ РЕСПУБЛИКИ**

# У К А З

**2020.04.29** **№ 83**

**Соьлжа-ГIала**

**Нохчийн меттан нийсайаздаран коьртачу бакъонийн гулар тIечIагIйарх**

2007 шеран апрель беттан 25-чу дийнахь «Нохчийн Республикин меттанийн хьокъехь» Законца догIуш а долуш, нохчийн мотт Iалашбаран а, кхиоран а Iалашонца с а ц а м б о:

1. Йуххейиллина нохчийн меттан нийсайаздаран коьртачу бакъонийн гулар (кхидIа – Гулар) тIечIагIйан.

2. Нохчийн Республикин Куьйгалхо волчохь йолчу нохчийн мотт Iалашбаран а, кхиоран а экспертийн кхеташонна кхул тIаьхьа, кхаа шарахь цкъа, Гулар тIехь бан беза хийцамаш къастор тIедилла.

3. «Нохчийн мотт а, истори а кхиоран институт» цIе йолчу пачхьалкхан казенни учрежденина, Нохчийн меттан орфографин йоккха дошам арахецаран проект дIайолорца доьзна, шен Iилманан-талламан белхийн план йукъахь хьакъболу хийцамаш бар тIедилла.

4. Нохчийн Республикин финансийн министерствона Нохчийн Республикин 2020 шарна леринчу бюджетан «Нохчийн Республикин Куьйгалхочун тIаьхьалонан фондан» № 01-11 йолчу декъера Нохчийн Республикин дешаран а, Iилманан а министерствона Гулар а, Нохчийн меттан йоккха орфографин дошам а арахеца 5 000 000 (пхи миллион) сом ахча дала, цул тIаьхьа республикин бюджетан цхьаьнатоьхначу бюджетан харжаш дIасахьажорна йуккъе хийцамаш а беш.

5. Указ кхочушдарна тIехь тергам бар Нохчийн Республикин Правительствон Председателан заместителна Ш.С. Ахмадовна тIедилла.

6. Указ ницкъ болуш ду зорбанехь арадаьллачу дийнахь дуьйна.

Кадыров Р.А.

**НОХЧИЙН РЕСПУБЛИКИН КУЬЙГАЛХО**
**ГЛАВА ЧЕЧЕНСКОЙ РЕСПУБЛИКИ**

# У К А З

**2019.05.17** **№ 61**

**Соьлжа-ГIала**

**Нохчийн Республикин Куьйгалхо волчохь йолчу нохчийн мотт Iалашбаран а, кхиоран а экспертийн кхеташонан хьокъехь**

Нохчийн меттан графикин а, нийсайаздаран а бакъонаш цхьана хорше йерзо йезарна, иштта иза Iаморан тIегIа лакхадаккхархьама, Iаморан-методикин а, исбаьхьаллин а литература, зорбанан хаамийн гIирсаш арахецарна тIехь тергам латторхьама, цул сов, нохчийн меттан дошамаш хIитто, нах бехачу меттигийн шира цIераш, кхийолу топонимаш нохчийн маттахь меттахIитто Iалашонца с а ц а м б о :

1. ТIечIагIйан (тIечIагIбан):

а) Нохчийн Республикин Куьйгалхо волчохь йолчу нохчийн мотт Iалашбаран а, кхиоран а экспертийн кхеташонах Положени (№1 йолу йуххедиллар);

б) Нохчийн Республикин Куьйгалхо волчохь йолчу нохчийн мотт Iалашбаран а, кхиоран а экспертийн кхеташонан декъашхойн хIоттам (№2 йолу йуххедиллар).

2. Бакъо дIайаьлла лара:

Нохчийн Республикин Куьйгалхочун 2014 шеран апрель беттан 24 дийнахь арадаьлла «Нохчийн Республикин Куьйгалхо волчохь йолу нохчийн мотт кхидIа кхиоран, нохчийн маттахь йолчу исбаьхьаллин литературин а, кхиболу зорбанан гIирсийн а мах хадоран экспертийн кхеташо кхолларан хьокъехь» № 48 йолу указ;

Нохчийн Республикин Куьйгалхочун 2014 шеран июнь беттан 27 дийнахь арадаьлла «Нохчийн Республикин Куьйгалхо волчохь йолу нохчийн мотт кхидIа кхиоран, нохчийн маттахь йолчу исбаьхьаллин литературин а, кхиболу зорбанан гIирсийн а мах хадоран экспертийн кхеташонах йолчу положенин хьокъехь» № 92 йолу указ;

Нохчийн Республикин Куьйгалхочун 2018 шеран август беттан 28 дийнахь арадаьлла «Нохчийн Республикин Куьйгалхочун цхьадолчу акташкахь хийцамаш баран хьокъехь» № 134 йолу указ.

3. ХIара указ кхочушдарна тIехь тергам бар Нохчийн Республикин Куьйгалхочун а, Правительствон а администрацин Куьйгахочунна тIедилла.

Нохчийн Республикин Куьйгалхочун
декхарш кхочушдеш верг М.М. Хучиев

**№ 2 йолу йуххедиллар**

**ТІЕЧАГІДИНА**

**2019 шеран май беттан 17 дийнахь арадаьллачу**
**Нохчийн Республикин Куьйгалхочун**
**№ 61 йолу указца**

**Нохчийн Республикин Куьйгалхо волчохь йолчу нохчийн мотт Іалашбаран а, кхиоран а экспертийн кхеташонан декъашхой**

| | | |
|---|---|---|
| 1. | Кадыров Рамзан | Нохийн Республикин Куьйгалхо, Экспертийн кхеташонан председатель |
| 2. | Байсултанов Идрис | Нохчийн Республикин Куьйгалхочун а, Правительствон а Администрацин куьйгалхочун хьалхара гІовс, Экспертийн кхеташонан председателан гІовс |
| 3. | Байханов ИсмаІил | Ночийн Республикин дешаран а, Іилманан а министр, Экспертийн кхеташонан председателан гІовс |
| 4. | Умаров Джамбулат | Нохчийн Республикин къоман политикин, арахьарчу зІенийн, зорбанан, хаамийн министр, Экспертийн кхеташонан председателан гІовс |
| 5. | Дааев Хож-Бауди | Нохчийн Республикин культурин министр, Экспертйн кхеташонан председателан гІовс |
| 6. | Умхаев Хьамзат | «Нохчийн мотт а, истори а кхиоран институт» ПКУ-н директор, Экспертийн кхеташонан жоьпаллин секретарь |
| **Экспертийн кхеташонан декъашхой:** | | |
| 7. | Гапуров Шахрудин | историн Іилманийн доктор, профессор, Нохчийн Республикин Іилманийн академин президент |
| 8. | Солтаханов ИбрахІим | филологин Іилманийн кандидат, НПУ-н кхечу къаьмнийн меттанийн кафедрин доцент (барт хиларца) |
| 9. | Альбеков Нурвади | филологин Іилманийн кандидат, доцент, Нохчийн Республикин Іилманийн академин гуманитарин талламийн институтан меттан, литературин, фольклоран отделан куьйгалхо |
| 10. | Овхадов Муса | филологин Іилманийн доктор, НПУ-н юкъарчу меттаІилманан кафедрин профессор, Нохчийн Республикин Іилманийн академин декъашхо-корреспондент (барт хиларца) |
| 11. | Халидов Айса | Филологин Іилманийн доктор, НПХьУ-н филологин, историн, бакъонан институтан оьрсийн меттан, и хьехаран методикин кафедрин профессор (барт хиларца) |
| 12. | Вагапов Іарби | филологин Іилманийн кандидат, Нохчийн Республикин Іилманийн академин гуманитарин талламийн институтан меттан, литературин, фольклоран отделан Іилманан белхахо |
| 13. | Эдилов Салавди | филологин Іилманийн кандидат, «Нохчийн мотт а, истори а кхиоран институт» ПКУ-н Іилманан белхахо |
| 14. | Ирезиев Сайд-Хьамзат | филологин Іилманийн кандидат, НПУ-н филологин факультетан нохчийн филологин кафедрин декхарш кхочушдеш верг (барт хиларца) |
| 15. | Навразова Хьава | филологин Іилманийн доктор, профессор, НПХьУ-н филологин, историн, бакъонан институтан нохчийн меттан, литературин кафедрин куьйгалхо (барт хиларца) |

| | | |
|---|---|---|
| 16. | Аболханов Хьаким | Россин яздархойн союзан декъашхо, Нохчийн Республикин къоман политикин, арахьарчу зIенийн, зорбанан, хаамийн министерствехь йолчу хаамийн гIирсашкахь нохчийн маттахь нийсаяздарна тIехь терго латторан комиссин декъашхо (барт хиларца) |
| 17. | Юнусов Хьамзат | Хаамийн гIирсийн белхахой кечбаран а, юхакечбаран а туьшан диретор |
| 18. | Цуруев Шарип | Россин яздархойн союзан декъашхо, «Хьехархо» газет диллинарг |
| 19. | Дадаев Сайд-Хьасан | Россин журналистийн союзан декъашхо, Нохчийн Республикин къоман политикин, арахьарчу зIенийн, зорбанан, хаамийн министерствехь йолчу хаамийн гIирсашкахь нохчийн маттахь нийсаяздарна тIехь терго латторан комиссин куьйгалхо |
| 20. | Шамсудинов Бувайсар | Нохчийн Республикин яздархойн союзан председателан хьалхара заместитель, «Даймохк» газетан коьрта редактор |
| 21. | Абдулкадыров Адам | Нохчийн Республикин Iилманийн академин гуманитарин талламийн институтан меттан, литературин отделан Iилманан белхахо |
| 22. | Бадаева Iайшат | Нохчийн Республикин Iилманийн академин пайде семиотикин отделан Iилманан белхахо |

# ХЬАЛХАРА ДОШ

Шен мотт Іалашбар а, кхиор а муьлххачу а къоман уггар коьрта а, сийлахь а декхар лоруш ду. Нагахь санна цуо и декхар дуьззина кхочушдеш дацахь, кхечу къаьмнашца нисделла дІадаха йиш йац иза.

Ша дешна Іеламстаг хиларе терра, Нохчийн Республикин 1-ра Президент, Россин Турпалхо Кадыров Іабдул-Хьамидан Ахьмад (Дала декъалвойла иза!) дика кхеташ вара къоман кхиарехь а, цуьнан шатайпаналла Іалашйарехь а ненан меттан долчу маьІнах. Цуо хаддаза тидамехь латтабора нохчийн мотт а, цуьнца доьзна мел долу хаттарш а. Мотт боцуш къам хила йиш цахиларх ша дика кхеташ хиларе терра, нохчийн меттан статус пачхьалкхан тІегІане йоккхуш дукха къахьийгира Ахьмад-Хьаьжас. Цуо биллинчу буха тІехь ненан мотт вайна йукъахь лелар хьашт ма-дду совдаккха таро йу вайн хІинца.

Шен дас дІадолийнарг кхин а совдоккхуш дІахьош ву Нохчийн Республикин Куьйгалхо, Россин Турпалхо Кадыров Ахьмад-Хьаьжин Рамзан. Меран бер санна, вала да воцуш, чехош лаьттина нохчийн мотт Іедалан тІегІанехь бийца баьккхинарг иза ву. Мотт къоман лард йуйла а хууш, цуьнан сийдеш, хІора шеран апрель беттан 25 де Нохчийн меттан де дІакхайкхийра вайн Мехкан Куьйгалхочо 2007-чу шарахь. Таханлерчу дийнахь уггар наха лоруш долчарах дезде хилла дІахІоьттина иза.

Цул сов, нохчийн маттаца мел долчунна тІехь хаддаза тергам латторхьама, ша коьртехь а волуш, Нохчийн Республикин Куьйгалхо волчохь нохчийн мотт Іалашбаран а, кхиоран а экспертийн кхеташо кхоьллина Кадыров Рамзана.

Оцу Экспертийн кхеташонан Белхан тобанна йукъахь нохчийн меттан тоьлла болу Іилманчаш, хьехархой-практикаш, йаздархой, культурин а, хаамийн гІирсийн а, Іедалан а белхахой, юкъараллин декъашхой бара. Белхан тобанна тІедиллина декхар ма-хуьллу сиха, кхин дІа а ца туьттуш, нохчийн меттан орфографина кодификаци йар дара.

Шаьш кхаа баттахь бина болх цу тобано, меттан законашна тІетевжина ца Іаш, цхьадолчунна тІехь маттахь ламаст а хилла

чIагIделларг а, цхьайолчу регионашкахь бехачу нахана хетарг а лоьруш бира. Цхьадерг жимма тIаьхьо хуьйцур ду аьлла дитира, дерриг цкъа хийца гIоьртича, нахана и боллу хийцамаш цхьабосса тIеэца хала хиларна кхоьруш.

Нохчийн Республикин Куьйгалхочо Кадыров Ахьмад-Хьаьжин Рамзана шен указца тIечIагIйина «Нохчийн меттан нийсайаздаран коьрта бакъонаш» вайн республикехь бен цхьана а меттехь оццул лакхарчу тIегIанехь тIеэцна йац. Цуо къеггина гойту вайн Мехкан Куьйгалхо нохчийн меттан хиндолчунна мел саготта ву. Указо бакъо ло кхин тIе а, хIора кхаа шарахь цкъа, орфографехь бан хьакъ болу хийцамаш бан.

Со тешна ву «Нохчийн меттан нийсайаздаран коьрта бакъонийн» гуларан керлачу редакцино нохчийн мотт пачхьалкхан мотт санна кхиарехь хьакъйолу меттиг дIалоцург хиларх.

Дала тIаьхье беркате йойла!

***Байсултанов Хасин Идрис,***

***Нохчийн Республикин Куьйгалхо волчохь йолчу нохчийн мотт Iалашбаран а, кхиоран а экспертийн кхеташонан куьйгалхочун гIовс, Нохчийн Республикин дешаран а, Iилманан а министр***

# РЕДАКТОРШКАРА

2007-чу шарахь Нохчийн Республикин Президентан Кадыров Ахьмадан Рамзанан указца Нохчийн меттан де кхайкхадарх мотт ларбаран а, кхиоран а новкъахь вайна даьллачу беркатех цхьаъ ду кхоччуш ненан меттан йоза тодан вайн аьтто балар. Мотт Іалашбаран, и кхиоран декъахь коьртачу гІуллакхех ларалуш ду меттан йоза цуьнан аьзнийн хІоттамций, хуьлуш болчу аьзнийн хийцамашций, грамматикиций догІуш хилийтар а, маттах бартий, йозаний шинна а кепахь пайдаоьцучу массо нахана а лело хала хир доцуш и йоза нисдар а. Вай хІинца лелош долу йоза а, йа цул хьалха хилла долу латинийн буха тІехь кхоьллинарг а йуьхьанца дуьйна кхоччуш цу лехамашца догІуш ца хиллийла хууш ду, цундела, хан мел йолу цхьацца хийцамаш а беш, уьш бечара шайга далучу кепара тодеш схьадеана нохчийн меттан йоза. Делахь а, и хийцамаш кхачамболлуш бина цахилар гуш ду вайна. Ткъа йоза тарлучу барамехь тодар къоман культурин кхиарехь коьртачех гІуллакх ду, цундела ду хІокху тІаьхьарчу шерашкахь йозанан гІуллакхаш йух-йуха жигара дийцар. Амма нийсайаздарца доьзна хаттарш вай дуьххьара хІиттош дац. Оццул лерина а, Іедало иштта терго йеш а ца хиллехь а, дІадаханчу шерашкахь а болх бина цу тІехь, цундела вайн йозанан историх дерг доцца карладаккхар новкъа хир дац.

Ша йоза, хьалха лелийнчу Іаьрбийн элпех пайдаоьцуш кхоьллинчух дІакъаьстича, цкъа латинийн буха тІехь кхоьллина, ткъа дукха хан йалале цу тІера кириллици тІе даьккхина. ХІинца вай лелош долчу йозанах (кириллицин буха тІехь долчу) пайдаоьцу доьзткъа шо сов бен хан йац. Цу доьзткъа шара йукъа доьлху нохчийн халкъо, цхьа а бакъонаш йоцуш, Сибрехахь даьккхина кхойтта шо а, тІемаша массо а гІуллакхах хадийна даьккхина пхийттех шо а, оцу шина муьрал хьалхатІаьхьа даьхкина шераш а, Іилма а, дешар а кхиар шайна чохь гІийла лаьттина долу. Ненан маттахь долчу йозанах нохчий хадийна даьккхина долу кхойтта шо дІадаьккхича, кхузткъе итт шо а ца кхочу нохчийн меттан хІинцалерчу йозанан.

Амма цу йукъана а нохчийн меттан нийсайаздаран декъехь цхьацца хийцамаш хилла, уьш тайп-тайпанчу белхашкахь Іилманчаша билгал а баьхна. Латиница йолчу хенахь дуьйна вай лелош долу йоза кхиаран, цу декъехь биначу белхийн истори масех декъе йиекъа йиш йу:

**I. Латинийн йозанан мур (1925–1938 шш.).** Кху муьрехь нохчаша латинийн йозанан буха тІехь Ошаев Халида хІоттийна алфавит тІеэцна (цул тІаьхьа цхьацца хийцамаш бина, нохчийн, гІалгІайн латинийн алфавиташна «унификаци» йеш), цу йозанан бакъонаш а хІиттийна, Іилманан бух а нисбеш, лахахь балийнчу белхаш тІехь:

1. Чуликов И. Нохчийн мотт. Правописание чеченского языка. Соьлжа-гІала, 1927.
2. Ошаев Х.Д. К вопросу об усовершенствовании чеченской письменности // Известия научного общества Чеченской автономной области. Т. 2. Грозный, 1930 (юха зорбатоьхна: Известия ЧИНИИИЯЛ. Т. 1. Вып. 2. Языкознание).
3. Яндаров Х., Мациев А., Мальсагов Д.Д., Мальсагов И., Нажаев А. Основы правописания чечено-ингушского языка. Грозный, 1934.
4. Орцуев М., Яндаров Х. Нохчийн орфографин проект. Соьлжа-гІала, 1936.
5. Орцуев М. Нохчийн йозанан истори а, керлачу абатан маьІна а. Соьлжа-гІала, 1931.
6. Мациев А.Г. Нохчийн орфографин проект. Соьлжа-гІала, 1936.
7. Мациев А.Г., Яндаров Х.Е. Нохчийн меттан книжка. Грамматикий, нийсаяздаррий. Соьлжа-гІала, 1936.
8. Мациев А.Г. Нийсаяздарийн шарамийн гулам. Хьалхара дакъа. Юьхьанцарчу школан 1–2-чуй классашна. Соьлжа-гІала, 1936.
9. Мациев А.Г. Нийсаяздарийн шарамийн гулам. КхоалгІа дакъа. Юьхьанцарчу школан 4-чу классана. Соьлжа-гІала, 1936.
10. Яндаров Х. История чеченской письменности // Северо-Кавказский краевой научно-исследовательский институт. Записки. Т. II. Ростов-на-Дону, 1929.

11. Яндаров Х., Мациев А., Авторханов А. Нохчийн меттан грамматика. Соьлжа-гIала, 1933.

**II. Кириллицин йозанан хьалхара мур, махках дахаро хадийна болу, – 1938-чу шарера 1944-гIа шо тIекхаччалц.** Оцу муьран йуьххьехь, 1938-чу шарахь, леррина цу гIуллакхна кхайкхина хиллачу профессора Н.Ф. Яковлевс шина (нохчийн, гIалгIайн) маттана хIоттийна ши алфавит тIеэцна, цуьнан буха тIехь долчу керлачу йозанан бакъонаш хIиттош а, уьш йовзуьйтуш а болх а бина, нохчий, гIалгIай махках баххалц. Цу хенахь арайийлинчарах йу, масала, хIара йозанан бакъонаш шарйарехь шайх пайда хилла йолу книгаш:

1. Проект чеченского и ингушского алфавитов на русской основе и орфографии. Грозный: Тип. Чечингтосиздата, 1938. (И проект йазйинарш Х.Г. Гугиев а, Х.Н. Дукузов а, проф. Н.Ф. Яковлев а, кхиберш а хилла).
2. Чентиева М.Д. Оьрсийн-нохчийн словарь. М., 1940.
3. Гугиев Х.Г., Хумпаров А.Х., Чентиева М.Д. Нохчийн меттан грамматика. Хьалхара дакъа. Фонетикий, морфологий. Соьлжа-гIала, НохчгIалгIпачхьалкхиздат, 1940.
4. Гугиев Х.Г. Орфографически словарь. Грозный, 1942.

**III. 1950-чу шерийн чаккхенгахь нохчий Даймахка йухаберзарца болабелла 1990-чу шерийн йуьххье кхаччалц болу мур** (1944–1957-гIа шераш йоза кхиаран цхьана а муьрана йукъадогIуш цахилар кхеташ ду). Билгалйаьккхинчу хенахь кириллицин буха тIехь долу йоза шардеш, цхьайолу бакъонаш нисйеш йа хуьйцуш болх бина. Цу хенахь арабийлинчу белхашна йукъахь къасто беза:

1. З.Д Джамалханов., А.Г. Мациев. Нохчийн меттан нийсаяздаран коьрта бакъонаш. Грозный, 1958.
2. А.А. Саламов. Об изменениях орфографии чечено-ингушского языка // «Грозненский рабочий», 1958, 5 апреля.
3. М.Д. Чентиева. История чечено-ингушской письменности. Грозный, Чечено-Ингушское книжное издательство, 1958.
4. М.Д. Чентиева. Звуковой состав чеченского литературного языка и вопросы усовершенствования алфавита и орфографии. Грозный, 1960.

5. А.Г. Мациев. Нохчийн-оьрсийн словарь. Грозный, 1961.

6. А.А. Саламов, А.Г. Мациев. Как упорядочить чечено-ингушский алфавит // «Грозненский рабочий», 1964, 3 июля.

7. У.Х. Эжаев. Нохчийн орфографи а, цуьнан принципаш а // Юккъерчу школийн лакхарчу классашкахь ненан мотт а, литература а хьехар. Грозный, 1972.

8. З.Д. Джамалханов, И.Ю. Алироев. Нохчийн меттан нийсаяздаран дошам. Грозный, 1992.

**IV. 2000-чу шерийн мур.** Кху муьрехь дуккха а баккхий белхаш а (книгаш), статьяш а арайуьйлу, графика а, орфографи а тойаран хьокъехь.

Лакхахь билгалбаьхначу а, ца хьахош бисначу а нийсайаздарца боьзна болчу белхашкахь а, дуккха а оцу шерашкахь газеташ тIехь арайийлинчу статьяшна тIехь а орфографин кхачамбацарш дийцина хиллехь а, уьш дIадахарца дерг ледара хилла, цундела таханенга схьакхаьчна и проблемаш. Амма тIаьхьарчу шерашкахь орфографи тойаран гIуллакхашна мехкан Iедало а, йозанан маттаца гIуллакх догIучу белхахоша а къаьсттина чIогIа тидам тIебахийтар бахьанехь йозанехь билгалдевлла кхачамбацарш дIадаха аьтто хуьлуш бу вайн. Цу тIехь беш болу а, бан беза а белхаш цхьана хорша берзорхьама, Нохчийн Республикин коьртехь волчу Кадыров Рамзанан Указца 2019-чу шарахь комисси кхоьллира, махкахь бевзаш болу меттаIилманчаш а, йаздархой а, журналисташ а, цхьайолчу министерствийн куьйгалхой а, белхахой а йукъахь болуш. Ша кхоьлличхьана дуьйна хаддаза болх биначу комиссино биначу белхан жамI ду хIара.

Болх дIаболош комиссин декъашхойн ойла йара хIинццалц схьа пайдаэцна хиллачу Джамалханов Зайндин, Мациев Ахьмадан 1958-чу шарахь арайаьллачу «Нохчийн меттан нийсаяздаран коьрта бакъонаш» тIехь а, цул тIаьхьа Джамалханов Зайндис, Алироев ИбрахIима 1992-чу шарахь арахецначу «Нохчийн меттан нийсаяздаран дошам» тIехь а, 2009-чу шарахь арайаьллачу «Орфографически словарь. Нохчийн меттан нийсаяздаран дошам» тIехь а биначу хийцамашца а, тIетохаршца а йан а йоцуш, амма Iаламат йоза нисдарехь оьшуш йолу масех

бакъо йукъайаккха, иштта маттаца йанне а йогIуш йоцу цхьа масех бакъо нисйан а. Йуьхьанца иштта йукъадаьккхина дара дифтонгех дерг а, ***«я», «ё», «ю», «е»*** элпех нохчийн йозанехь пайдаэцарх дерг а, дештIаьхьенашший, чолхе дешнашший йозанехь къастадарх дерг а, кхин масех бакъо хIоттайар а. Амма вайн йозанехь долчух дерг ма-хуьллу кIорггера талла доьлча, кIеззигчу хийцамех гIуллакх хирг цахилар гучуделира.

Цкъа-делахь, хIинццалц вайн йолчарах цхьайолу бакъонаш кхачаме йацара. Масала, дешан йуьхьанцара кеп муха йазйо билгал а доккхуш, лач кепех дерг доцуш меттигаш дукха нисло. Ткъа, вайна ма-хаъара, лач кепаш йазйарехь дукха нисло шеконе меттигаш. ШолгIа-делахь, мехала, нийса а болуш, амма нийсайаздаран декъахь маьIне боцуш хаамаш дукха нислора оцу бакъонаш йукъахь. Масала, дешнийн легаран, спряженин хьокъехь йа дешнийн уьйрех лаьцна. Царах цхьайолчу бакъонаша лун хаамаш дешнийн кепаш нийса йазйан оьшуш а хуьлура, амма цхьаберш нийсайаздаран декъах хьакхалуш боцуш, беккъа грамматикин хьокъехь хаамаш бара. Дукхахдолчунна и ду тIаьххьара тIетохарш диначул тIаьхьа хIиттийнчу бакъонийн 256 параграфах бIе гергга комиссино церан цаэшарна йукъарйаккхаран бахьана.

Комиссин декъашхойн хьежамехь, хила йезаш, амма Джамалханов Зайндин бакъонийн тIаьххьарчу арахецарехь а йоцуш нийсайаздаран бакъонаш а йу. Масала, доланиг дожарх дерг массанхьа а дикка даьстина дац. Ткъа, вайна ма-хаъара, оцу дожарца доьзна дуккха а хаттарш хIуьтту. Цхьаболчара цу дожаран чаккхе хезаш йац, и йазйан а ца йеза олу, вукхарна *республикан, математикан* (Iилма дуьйцучохь), *кафедран* алар а, йаздар а нийса хета. Йозанан бакъонашкахь цунах дерг къастийна ца хилча, кхидIа а шайна хеттачу кепашкахь йаздеш дIагIур бу нах, цундела и кхачамбацар а дIа ца даьккхича ца долура.

Дан дезийла хууш а, дан боккха лаам болуш а, амма цхьана а кепара цкъачунна и дан некъ ца карош хIума а дисна – мукъачу аьзнийн дохалла йозанехь билгалдаккхар. Дукхазза дийцина хIума ду и, амма кхочушдан аьтто боцуш. Тхан кхетамехь,

кхузахь дан тарлуш дерг цхьаъ ду: нагахь йаздечунна дешан маьIна а, предложенин чулацам а ма-барра гайта цунах пайда хуьлу, аьлла, хетахь, мукъачу элпана тIехула сиз хьакхарца дохалла гайта магадар. Дохалла иштта гайтина хилча а, ца хилча а гIалат лорийла доций-м кхеташ ду.

Лакхахь далийнарг а, кхин дуккха а хIинццалц вайн хиллачу нийсайаздаран бакъонашкахь нислуш долу кхачамбацарш а дIа ца даьхча ца довлура.

КхозлагIа-делахь, вайна йоза лелорехь дикка новкъарло йеш а, йоьшучунна а, йаздечунна а халонаш кхуллуш а масех хIума ду, дукхазза а цхьацца вовшахкхетаршкахь дийцина долу. Цу йукъахь ду, масала, вайн йозанехь классаш кхоччуш къестош цахилар, нохчийн маттаца догIуш доцу элпаш ***«я», «ё», «ю», «юь», «яь»*** лелор бахьанехь. Дуккха а меттигашкахь къовсаме хуьлуш ду хандашца царах дозуш долу цIердешнаш йаздар – къаьстина йа ийна (масала, *гIуллакх дар / гIуллакхдар, болх бар / болхбар*). Иза а хIинццалц церан нийсайаздарца дерг кхетош къастийна, билгалдаьккхина цахиларца доьзна ду.

Кхин а масех керла бакъо йукъайаьккхина оха. Бакъду, цхьана хIуманна тIехь хадийна сацам бан аьтто ца хуьлуш дукха дийцаре дан дийзира иза. И, масала, дифтонгаш йозанехь йазйарх долу хаттар ду. Iилмане диллича, нохчийн меттан аьзнийн хIоттам тидаме а оьцуш, дифтонгаша дешнаш къасторехь кхочушдеш долчу гIуллакхан мах а хадош, дифтонгаш хезачохь массанхьа а йазйар нийса хиларан шеко йац. Делахь а, Iилма тхаьш хьалхадоккхуш делахь а, йозанца болх бечу нехан хьежам а мехала хетта тхуна хIара керла бакъонаш хIиттош. Дифтонгийн йазйаран/цайазйаран хаттар дийцаре деш, масех «вариант» йара комиссин: йолчохь массанхьа а йазйар, йеханиг бен цайазйар, маьIна къасточохь йазйар. Бакъонаш кечйинчарах дукхахболчарна нийса хетарг хьалхара «вариант» йара. Амма, хьехархошна а, йаздархошна а, журналисташна а, кхиболчу йозанан маттаца гIуллакх догIучарна а и керла кеп тIеэца хало хиларна, оха проект йийцаре йаккха шина кепехь кечйира – дифтонгаш массанхьа а йазйеш а, цайазйеш а (маьIнаш къасто оьшучохь

йазйар а магош). Йийцаре йиначул тӀаьхьа къобалйинарг шуна хьалха йу.

ДоьазлагӀа-делахь, хӀинццалц схьа вай лелош йолу бакъонаш, ма-дарра аьлча, цхьана а коьртачу буха («принцип») тӀехь лаьтташ йацара. Кхайкхийнарг, лелош йу бохуш йуьйцург аьзнийн («фонетически») принцип йара. Амма гуш дара иза цхьаболчарна ма-лаъара лелайойла доций. Масала, шеконан мукъа аьзнаш а, доланиг дожаран чаккхенаш а йазйан оьшуш йац бохурш дуккха а бу, ткъа оцу кепара йаздан вай доьлча йаздинчух кхета хала ду дукхахьолахь. Оха тхаьшна коьрта леринарг фонетически (аьзнийн, хазаран) принцип йара, амма цунна доза а тухуш: дешнийн йаздар церан схьааларе нисдан магош, нагахь цунах грамматикина новкъарло хуьлуш йацахь – кепаш йоха ца йахь йа уьш хьулйеш йацахь. Масала, цӀерниг дожарехь долу цӀердешнаш шайна урхалла дечу хандешнашца ийна (цхьаьна) вай йаздича предложени чуьра нийса кхачам бов, цунах эргативан (дийриг дожаран) конструкци ца хуьлу. И бахьанехь тхуна нийса хеттарг кхузахь къаьстина йаздар ду. Доланиг дожаран чаккхенаш ца йазйича дуккха а меттигашкахь предложени йеша а, цуьнан чулацамах кхета а, шаьш къаьстина долчу дешнийн маьӀнех кхета а, церан хила йеза кеп гуш ца хилча, хала ду, йа кхеттане а ца кхеташ меттигаш а йогӀу. Цундела ду керлачу бакъонашкахь доланиг дожар йозанехь даим а гайта деза, аьлла, тӀедиллар.

Нийсайаздаран бакъонаш тхаьш йийцаре йечу хенахь оха тидамехь латториг дерриг а дара: беш болу хийцам Ӏилманца богӀуш хилар-цахилар, ишколехь болх бечу хьехархошна оха биначу хийцамаша, йолчарна тӀе, кхин халонаш кхоьтуьйту йа ца кхоьтуьйту, дешархошна Ӏамо а, лело а хала хир йу/йац, кхиболчу маттаца (йозанца) болх бечеран хьежамехь йукъайалош йолу керла бакъонаш (йа церан керла «редакцеш») муха тида тарло. Цул совнаха, тхан коьртачарах Ӏалашо хӀокху бакъонашца нохчийн йоза и ца хуучарна, карадерзо гӀертачарна къаьсттина (коьртачу декъана, кхечу къаьмнийн нахана) мелла а аттачу даккхар, кхеташ хилийтар а, ткъа шаьш бакъонаш мелла а кӀезиг йукъардахарш долуш, шалха тида йиш йоцуш хилийтар а йара.

Ала деза, массо а бакъонашна тIехь белхан тобанан декъашхойн ойланаш цхьаьнайогIуш ца хуьлура. Дуккха а йолу бакъонаш йийцаре йеш къийсамаш а нислора. Делахь а, декъашхочун мел шен кхечу кепара хьежам белахь а, дукхахболчара бохучунна и тIе а воьрзуш, бина бу хIара болх.

ЖамI дича, «Нохчийн меттан нийсайаздаран коьрта бакъонаш» Джамалханов Зайндин, Мациев Ахьмадан 1958-чу шарахь арайаьллачу «Нохчийн меттан нийсаяздаран бакъонийн», цул тIаьхьа Джамалханов Зайндис дикка хийцина йолчу, буха тIехь хIиттийна йу. Дукхха а долчунна тIехь (мелла а эханнал сов) шайн бухаца цхьаьнайогIуш а йац уьш, амма, кхечу агIор, йерриге а бакъонаш керла а йац. Биначу балха тIехь, коьртачу бухал сов, оха пайдаэцна тайп-тайпанчу нохчийн меттан дошамех а, Iаматех а, нийсайаздаран хьокъехь йазбинчу Iилманан белхех а. Уьш алссам хиларна массеран а цIераш ца йоху, амма коьртанаш хIорш бу: Мациев Г.А.Нохчийн-оьрсийн словарь, 1961; Тимаев А.Д. ХIинцалера нохчийн мотт, 1971; Джамалханов З.Д., Мачигов М.Ю. Нохчийн мотт. 1–2-чуй курсийн студенташна учебник. 1-ра дакъа, 1985.

ХIара «Нохчийн меттан нийсайаздаран бакъонаш» 2020-чу шеран апрель беттан 29-чу дийнахь Нохчийн Республикин Куьйгалхочун Кадыров Рамзанан Указца тIечIагIйина йу. Нохчийн йозанца болх бечу хьукматашна а, белхахошна а кху бакъонашца шайн йоза нисдар тIедожадо кхеран буха тIехь хIоттийна керла «Нохчийн меттан нийсайаздаран дошам» арахецначу дийнахь дуьйна.

***Нохчийн мотт Iалашбаран а, кхиоран а экспертийн кхеташонан нохчийн меттан нийсайаздаран бакъонаш тойан лерина белхан тоба***

# МУКЪАЧУ А, МУКЪАЗЧУ А ЭЛПИЙН НИЙСАЙАЗДАР



**§ 1.** ЦIердешнийн йукъарчу цIерашкахь а, кхидолчу къамелан дакъошкахь а **[й]** аз ***й*** элпаца билгалдо (***я, ю, ё, яь, юь*** элпаш ца йаздеш).

**Масала:**

*йаздан;*
*йало;*
*йалх;*
*йалхитта;*
*йахь;*
*йаьлла;*
*йаьIна;*
*йаьшка;*
*йемалйан;*
*йеша;*
*йига;*
*йир;*
*йист;*
*йоьжна;*
*йоьтти;*
*йоьхна;*
*йузу;*
*йоза;*
*йохка;*
*йурт;*
*йуьззина;*
*йуьртахь;*
*йуьхьиг;*
*совйала;*
*шекйала;*
*дурйан;*
*тишйала.*



**Билгалдакккхар.**

1. Оьрсийн маттера а, оьрсийн маттехула а тӀеэцначу дешнашкахь ***я, ю, ё (е)*** элпаш йаздо.

**Масала:** *компьютер, статья, евро, альянс, фортепьяно, конъюнктив, адъютант, интервью, волонтёр, партнёр, шахтёр*

2. Долахьчу цӀерашкахь ***я, ю, ё (е)*** элпаш йаздо:

**Масала:** *Яха, Яхийта, Якъуб, Яковлев, Явус; Ялхой-Мохк; Юнус, Юсуп, Юлий (Цезарь), Юрмала; Европа, Елена, Емалхан; Пётр, Фёдор.*

**§ 2.** Оьрсийн маттера а, оьрсийн маттехула а тIеэцначу дешнашкахь а, долахьчу цIердешнашкахь а ***щ, ь, ы, ф*** элпаш йаздо.

**Масала:** *Щорс, Салтыков-Щедрин; июль, Н.В. Гоголь, пьеса, председатель, секретарь; шашлык, тыл, убыхаш; фонетика, инфикс, постфикс, интерфикс, картограф, кафе, кафедра; кинофестиваль, фонема, морфологи, офис, файл, фирма.*

Амма оьрсийн родийн чаккхенаш ***-я, -е*** вайн маттахь ца йазйо.

**Масала:** *конференци, морфологи, орфографи, этнографи, философи, автобиографи, коммерци, композици, лабиализаци, лаборатори, лекци, мероприяти, монографи.*

**§ 3.** Йеха а, йоца а дифтонгаш ***иэ, уо*** йазйан магадо.

**Масала:**

*иэца* – *эца;*
*диэша* – *деша;*
*къиэста* – *къеста;*
*дуьниэ* – *дуьне;*
*уоза* – *оза;*
*луо* – *ло;*
*иэс* – *эс;*
*дуо* – *до;*
*лиэла* – *лела;*
*пиэс* – *пес;*
*гуо* – *го.*



**§ 4.** Мукъа аьзнаш **[и], [уь]** деха хилар гойтуш, царна тӀехьа ***й*** элп йаздо.

**Масала:** *динахь – дийнахь, дуьлу – дуьйлу, йуьлу – йуьйлу* (хьалхарчу дешнашкахь *(динахь, дуьлу, йуьлу)* мукъа аьзнаш деха дац, цундела ***й*** элп ца йаздина, ткъа шолгӀачу дешнашкахь *(дийнахь, дуьйлу, йуьйлу)* **[и], [уь]** деха ду, цундела ***й*** элп йаздина).





**Билгалдаккхар.**

МаьIна чIагIдеш, мукъаза элп шалхадолуш хилча а йаздо ***й*** элп.

**Масала:** *нийса – нийсса, гIийла – гIийлла, дийнахь – дийннахьехь, Iуьйранна – Iуьйрре, дийна – дийнна.*

Кхидолчу мукъачу аьзнийн дохалла куьйгайозанехь а, зорбанехь а (тароне хьаьжжина) тIехула сиз хьакхарца билгалдаккха магадо.

**Масала:** *цунах вēша – луō деша, гIалат дāла – совгIат дала, дукха вāха – гена ваха, мекха баккха – мēкха лāца, шийла догIа – неIаран дōгIа.*



**§ 5.** Мукъазий, мукъий аьзнаш вовшахъуьйш ца хилахь, царна йуккъе къасторан хьаьрк **ъ** йаздо.

**Масала:** *тIехъиккхина, дайъина, ойъу, синъоьздангалла.*

**Билгалдаккхар.**

Адамийн долахь цIерашкахь къасторан хьаьрк ца йаздо: *Яхья, Бекхан.*

**§ 6.** Дашна хьалхa йа мукъачу элпана тIехьа **[э]** аз ***э*** элпаца билгалдо, мукъазчу элпана тIехьа ***е*** элпаца билгалдо.

**Масала:**

*элира* – *йелира;*
*дIаэлира* – *дIайелира;*
*дIаэн* – *кIеда;*
*эсала* – *шера;*
*схьаэцa* – *меда;*
*дIаэккха* – *Iема.*

**§ 7.** Шеконца **[оьв], [ой], [эв]** хезачохь йаздаран кепаш тайп-тайпана хуьлу.

Дешан йуьххьехь йа мукъачу элпашна тIехьа ***эв*** йаздо**:** *эвхьаза, эвла, эвсаре.*

***I*** йа ***хь*** элпашна тIехьа ***аьв*** йаздо: *хьаьвда, бIаьвнаш, нIаьвла, Iаьвши.*

Кхидолчу мукъазчу элпашна тIехьа ***ев*** йаздо: *девзиг, вевза, кевнаш, йевдда, къевлина*.

**§ 8.** Барта къамелехь дашна хьалха **[с], [т], [ст]** шеконца хезачохь (диалекташкахь йа **[с]**, йа **[т]** бен ца олучохь) литературин (йозанан) маттахь ***ст*** йаздо.

**Масала:** *стом, стов, стигал, стол, старгIа, стелахаьштиг, стим, стаг.*



**§ 9.** ЦIерниг дожаран чаккхенгахь шала мукъаза элпаш ***лл, сс, тт*** йаздо, нагахь дош хийцича мукъаза аз шалхадалахь. Шалха ца далахь – цхьаъ бен ца йаздо.

**Масала:**
*балл – боллах – баьллаш;*
*хатт – хоттан – хатташ;*
*дитт – диттах – дитташ;*
*бутт – батто – беттанаш;*
*мотт – меттан – меттанаш.*

Амма: *бал – болах – баьлнаш, бос – басах – беснаш, бат – бетах – батош.*



**§ 10.** Дашехь мукъаза шалха ши элп йух-йуххе нислахь, хьалхарчу элпан шолгIа хьаьрк ца йаздо, шолгIа элп дуьззина дIайаздо.

**Масала:** *[вокхкха] – воккха, [йукъкъе] – йуккъе, [цIоцIкъам] – цIоцкъам, [лачIкъа] – лачкъа, [могIгIара] – моггIара, [эхIхIай] – эххIай, [бахьхьаш] – баххьаш, [латIкъам] – латкъам, [даьтIтIа] – даьттIа, [тIкъа] – ткъа, [цIкъа] – цкъа.*



**Билгалдаккхар.**

1. Чолхечу дешнашкахь йух-йуххехь нисделла шина орамера шалха мукъаза элпаш дуьззина йаздо.

**Масала:** *чеккхьажар, йуьхькIам, йуьхькIайн.*

2. Нагахь шалха кхо элп йух-йуххе нислахь, хьалхарчу шина элпан тIетуху хьаьркаш ца йаздо.

**Масала:** *[лечIкъкъашехь] – лечккъашехь; [IетIкъкъалц] – Iеткккъалц.*





**§ 11.** Доьшуш доцу чаккхенгара ***н*** элп йаздо:

1) цхьана дешдекъах лаьттачу хандешнийн билгалзачу кепехь: *да**н**, дā**н**, та**н**, га**н**, лā**н**, лиэ**н**, э**н**, зиэ**н**; тиэ**н**, де**н**;*

2) цхьана дешдекъах лаьттачу хандашна хьалха дешхьалхе йа кхин орам хIуттуш кхолладеллачу хандешнийн билгалзачу кепехь: *дIада**н**, схьадā**н**, тIета**н**, схьага**н**, схьаэ**н**; дуьхьалва**н**;*

3) цхьана дешдекъах лаьттачу билгалдешнийн йуьхьанцарчу кепехь: *цIе**н**, дай**н** (йозаллина), во**н**, кIай**н**, кIо**н***. Ткъа лач дожаршкахь ца йаздо: *цIечу зезагна, дайчу боларца, кIайчу кехат тIехь;*



4) доланиг дожаран кепах кхолладеллачу билгалдешнашкахь: *лоьрий**н** духар, дешара**н** учреждени, литературо**н** мотт, орфографи**н** бакъонаш, нохчий**н** мотт, шарой**н** диалект;*

5) цхьана дешдекъах лаьттачу карарчуй, йогIучуй хенийн лаамазчу причастешкахь: *де**н** гIуллакх, йе**н** забар, гу**н** сурт, ле**н** нах, диэ**н** йалта;*

6) царна хьалха дешхьалхе йа кхин орам хIуттуш кхоллайеллачу причастешкахь: *схьаде**н** гIуллакх, дIайе**н** забар, схьагу**н** сурт, дIадиэ**н** хIу;*

7) дожаршца хийцалучу дешнийн доланиг дожарехь:

цIердешнийн: *анний**н**, берза**н**, йуьрта**н**, неха**н**;*

лаамечу билгалдешнийн: *берзачу**н**, йуьртарчу**н**, нехачу**н**;*

лаамечу терахьдешнийн: *цхьанна**н**, шинна**н**, пхеанна**н**, бIенна**н**;*

цIерметдешнийн: *са**н**, цуьна**н**, хIоранна**н**, вукхуьна**н**, цхьаболчера**н**;*

лаамечу причастийн: *олучу**н**, аьллачу**н**, молучу**н**, меллачу**н***.



**Билгалдаккхар.**

***Хан, чан, кан, лан, гIан, бен, хен, Iин, чин, дин, хьун, бун, ан, жин, кхин, пен, ун, цIун, шун*** бохучу цIердешнийн чаккхенгахь дерг шеконан ***н*** элп а доцуш, къастош дIадеша дезаш долу дуьззина ***н*** ду. Дуьззина ***н*** чаккхенгахь долу дешнаш дагардеш хилахь, и ***н*** шалхадолу.

**Масала:** *ханний, чанний, канний, гIанний, динний, бунний.*





# ЦIЕРДЕШНИЙН НИЙСАЙАЗДАР



**§ 12.** Чаккхенгахь ***г, к*** элпаш долчу цIердешнашкахь тIаьххьарчул хьалхарчу дешдекъехь хезаш **[о]** йа дифтонгаш **[иэ], [уо]** йелахь, тIаьххьарчу дешдекъехь ***а*** элп йаздо, кхин элпаш делахь, ***и*** элп йаздо.

**Масала:** *зезаг (зиэзаг), бирдолаг (бирдуолаг), лоппаг, тентак (тиэнтак);*

*дечиг, тIийриг, тIаьрсиг, киртиг, бертиг, дуьхьиг, пIаьлдиг, уьйриг.*

**Йукъардаккхар:** *кийсак, тиймак, пийсак, гийзаг, саьрмак, хьаьрмак, боьлак.*



**§ 13.** Цхьаллин терахьан цIерниг дожаран чаккхенгахь ***-л*** йа ***-р*** долчу цхьаннал сов дешдекъах лаьттачу цIердешнийн дукхаллин терахьехь ***ш-***на хьалха ***а*** элп ца йаздо, нагахь дукхаллин терахьан кеп кхуллуш, суффиксал хьалха догIучу дешдекъера мукъа аз дахлуш дацахь.

**Масала:**

*турпал – турпалш, турпалшна, турпалшка, турпалшца;*

*векал – векалш, векалшна, векалшка, векалшца;*

*синтар – синтарш, синтаршна, синтаршка, синтаршца;*

*тукар – тукарш, тукаршна, тукаршка, тукаршца.*



**§ 14.** Дукхаллин терахь кхоллалуш, суффиксаний, орамний йукъа ***-м-, -н-*** хIуттуш долчу дешнашкахь ***-ш-***на хьалхха ***а*** йаздо *(дегI – догI-м-аш, беш – бош-м-аш, йоза – йоза-н-аш, саба – саба-н-аш, лам – лаьм-н-аш);*

***-ар-*** хIуттучу дешнашкахь – ца йаздо *(диг – даг-ар-ш, гIум – гIам-ар-ш, зIок – зIак-ар-ш);*

***-р-*** хIуттучохь – йуьхьанцарчу кепехь цхьаннал сов дешдакъа долчу дешнашкахь ца йаздо *(доьхка – доьхка-р-ш, бухка – бухка-р-ш, кохка – кохка-р-ш);*

йуьхьанцара кеп цхьана дешдекъах лаьттачу дешнашкахь ***-р-***на тIаьхьа ***а*** йаздо *(цIе – цIе-р-аш, шо – ше-р-аш, чIу – чIо-р-аш).*



Кхидолчу цӀердешнашкахь дукхаллин терахьехь чаккхенгахь хезаш шеконан **[а]** делахь, суффикс ***-аш*** йазйо:

**Масала:** *сом – соьм-аш, лар – лар-аш, говр – говр-аш, мур – муьр-аш, хир – хир-аш, бер – бер-аш, татол – татол-аш, картол – картол-аш, гӀарол – гӀарол-аш, горгам – горгам-аш, гӀабакх – гӀабакх-аш, гӀан – гӀен-аш, кехат – кехат-аш, лимон – лимон-аш, вагон – вагон-аш, синкъерам – синкъерам-аш.*



**§ 15.** Йуьхьанцарчу кепан чаккхенгахь ***и*** долчу дешнашкахь дукхаллин терахьан суффиксехь ***ш***-на хьалха ***е*** йаздо:

**Масала:** *причасти – причастеш, студи – студеш, лами – ламеш, предложени – предложенеш, илли – иллеш, чами – чамеш.*



**§ 16.** Цlерниг дожаран чаккхенгахь ***ъ*** долчу цlердешнийн доланиг дожарехь а, кхечу лач дожаршкахь а ***ъ*** йаз а ца деш, дожаран чаккхе тlетуху.

**Масала:**

*меъ – меан;*
*кхаъ – кхоан;*
*гаъ – гоан;*
*хlоъ – хlоан;*
*хlаваъ – хlаваан;*
*маъ – моан ;*
*Зайнаъ – Зайнаан;*
*Зураъ – Зураан.*



**§ 17.** ЦIерниг дожаран чаккхенгахь доца ***а*** долчу тIеэцначу дешнашкахь доланиг дожаран чаккхе ***-ин*** йазйо (***а*** дIа а долуш).

**Масала:**

*республика – республик-ин;*
*поликлиника – поликлиник-ин;*
*база – баз-ин;*
*группа – групп-ин;*
*доминанта – доминант-ин;*
*математика – математикин;*
*физика – физикин;*
*политика – политикин.*

**§ 18.** Цхьаннал сов дешдакъа а долуш, цIерниг дожаран чаккхенгахь ***и, у,*** деха ***а*** долчу цIердешнийн доланиг дожарехь чаккхе ***-н*** йазйо.

**Масала:**
*чами – чами-н; бумбари – бумбари-н;*
*рагIу – рагIу-н; иту – иту-н; алу – алу-н;*
*строфа – строфа-н; графа – графа-н.*

Цу бакъонна йукъадоьлху чаккхенгахь ***-о*** долу тIеэцна дешнаш а:

**Масала:**
*правительство-н; министерство-н; агентство-н.*

**§ 19.** ЦӀерниг дожаран чаккхенгахь мукъаза аз долчу цӀердешнийн доланиг дожарехь чаккхе ***-ан*** йазйо.

**Масала:**

*бел – бел-ан;*
*бос – бес-ан;*
*стом – стоьм-ан;*
*колл – кулл-ан;*
*лам – лом-ан;*
*гӀан – гӀен-ан;*
*кан – кен-ан;*
*воӀ – воӀ-ан;*
*йоӀ – йоьӀ-ан;*
*чан – чен-ан;*

*потак – потак-ан;*
*толам – толам-ан;*
*ницкъ – ницкъ-ан;*
*гӀуркх – гӀуркх-ан;*
*чам – чом-ан;*
*тӀом – тӀем-ан;*
*ишкол – ишкол-ан;*
*гӀаларт – гӀаларт-ан;*
*вагон – вагон-ан;*
*кӀант – кӀентан.*



**§ 20.** ЦIерниг дожаран чаккхенгахь **[иэ]** йа **[уо]** хезачу цIердешнашкахь доланиг дожаран чакхе ***-ан*** йазйо, шена хьалха йукъахIутту ***-н-*** а долуш.

**Масала:**

*гуьйре (гуьйриэ) – гуьйре-н-ан;*
*суьйре (суьйриэ) – суьйре-н-ан;*
*бIаьсте (бIаьстиэ) – бIаьсте-н-ан;*
*дуьне (дуьниэ) – дуьне-н-ан;*
*гIайре (гIайриэ) – гIайре-н-ан;*
*таро (таруо) – таронан;*
*бакъо (бакъуо) – бакъо-н-ан;*
*харцо (харцуо) – харцо-н-ан;*
*нийсо (нийсуо) – нийсо-н-ан.*



**§ 21.** ЦIердешан хотталург дожарехь чаккхе ***-ах*** йазйо.

**Масала:**

*бахам – бахам-ах, толам – толам-ах, кечам – кечам-ах, беш – беш-ах, хьолтIам – хьолтIам-ах, хьехам – хьехам-ах, сардам – сардам-ах, хьоршам – хьоршам-ах, безам – безам-ах, лаам – лаам-ах, саттам – саттам-ах.*



**Билгалдаккхар.**

1. Чаккхенгахь ***л*** йа ***р*** долчу цхьаннал сов дешдекъах лаьттачу цIердешнийн тIаьххьарчу дешдекъехь доца мукъа аз **[а]** делахь, хотталург дожарехь чаккхе ***-х*** йазйо.

**Масала:** *тукар – тукар-х, басар – басар-х, тускар – тускар-х, векал – векал-х, хьуьнар – хьуьнар-х, цамгар – цамгар-х, хаттар – хаттар-х, нускал – нускал-х, турмал – турмал-х, москал – москал-х.*





2. Лач дожаршкахь чаккхенна хьалхарчу дешдекъехь мукъа аз дахлуш делахь, ***-ах*** тIекхета.

**Масала:**

*татол – татол-ах, картол – картол-ах, гIарол – гIарол-ах.*





**§ 22.** Йуъхьанцарчу кепехь цхьаннал сов дешдакъа долчу дешнашкахь цхьаллин терахьан доланиг дожаран тӀаьххьарчу дешдекъехь ***и*** хилахь, хотталург, дустург дожаршкахь шина а терахьехь ***-ех, -ел*** йаздо.

**Масала:**

| ***ЦI.*** | ***Дл.*** | ***Х.*** | ***Дс.*** |
|---|---|---|---|
| *илли* | *иллин* | *иллех* | *иллел* |
| *мача* | *мачин* | *мачех* | *мачел* |
| *гали* | *галин* | *галех* | *галел* |
| *лами* | *ламин* | *ламех* | *ламел* |
| *лекци* | *лекцин* | *лекцех* | *лекцел* |
| *маьнга* | *маьнгин* | *маьнгех* | *маьнгел* |





**§ 23.** Йуьхьанцарчу кепехь чаккхенгахь цхьа мукъаза аз а, цхьаннал сов дешдакъа а долчу цIердешнашкахь лург, коьчалниг дожарийн чаккхенга ***-на, -ца*** йаздо, тIаьххьарчу дешдекъехь доца мукъа аз делахь.

**Масала:**

*толам-на* – *толам-ца;*
*лимон-на* – *лимон-ца;*
*тускар-на* – *тускар-ца;*
*векал-на* – *векал-ца;*
*Исаев-на* – *Исаев-ца;*
*физик-на* – *физик-ца;*
*дингад-на* – *дингад-ца;*
*варзап-на* – *варзап-ца.*





**§ 24.** Чаккхенгахь мукъаза аз долчу цхьана дешдекъах лаьттачу цIердешан лург, коьчалниг дожаршкахь чаккхенаш ***-ана, -аца*** йазйо.

**Масала:**

*кор – кор-ана, кор-аца;*  
*лом – лоьм-ана, лоьм-аца;*  
*топ – тоьп-ана, тоьп-аца;*  
*Iайг – Iайг-ана, Iайг-аца.*



Амма чаккхенгахь ***н*** делахь, лург дожарехь цунна ***-на*** чаккхе тIеккхета.

**Масала:**

*хан – ханна;*
*бун – буьнна;*
*бен – бенна;*
*дин – динна;*
*жин – жинна;*
*гIан – гIанна;*
*хен – хенна;*
*салон – салонна;*

*ан – анна;*
*ун – уьнна;*
*ийман – ийманна;*
*кан – канна;*
*кхин – кхинна;*
*хьун – хьуьнна;*
*цIун – цIунна;*
*балкон – балконна.*

**§ 25.** Чаккхенгахь йух-йуххехь мукъаза ши элп долчу цIердешан лург, кьчалниг дожаршкахь чаккхенаш ***-ана, -аца*** йазйо.

**Масала:**

*муьстарг – муьстарг-ана, муьстарг-аца;*
*истанг – истанг-ана, истанг-аца;*
*туьйдарг – туьйдарг-ана, туьйдарг-аца;*
*президент – президент-ана, президент-аца;*
*церг – церг-ана, церг-аца;*
*цуьрг – цуьрг-ана, цуьрг-аца;*
*цIокъберг – цIокъберг-ана, цIокъберг-аца;*
*чкъург – чкъург-ана, чкъург-аца;*
*бутт – батт-ана, батт-аца.*

**§ 26.** ЦIерниг дожарехь мукъаза элп чаккхенгахь долу цIердешнаш дагардечохь, ***-ий*** суффиксана хьалха мукъазниг шалхадолу, ***ь*** чаккхенгахь хилахь, иза дIа а долуш, цунна хьалхара мукъазниг шалхадолу.

**Масала:**
*Мохьмад – Мохьмаддий;*
*Салман – Салманний;*
*председатель – председателлий;*
*секретарь – секретаррий.*

ЦIерниг дожарехь деха мукъа аз **[а], [и], [у]** чаккхенгахь долу цIердешнаш дагардечохь, и деха мукъа аз хийца а ца луш, суффикс ***-й*** тIекхеташ йаздо.

**Масала:** *Хьавай, Рабуй; Мусай, Iийсай, Зайндий.*

ЦIерниг дожарехь доца мукъа аз **[а]** чаккхенгахь долу цIердешнаш дагардечохь, и доца мукъа аз дIа а долуш, суффикс ***-ий*** тIекхета.

**Масала:** *Iелий, Вахий; Розий, Луизий; Зиний, Тамарий.*

ЦIерниг дожарехь чаккхенгахь **ъ** долу цIердешнаш дагардечохь **ъ** элпана тIаьхьа ***-ий*** суффикс йазйо.

**Масала:** *Асмаъий, Зураъий, Залпаъий, Зараъий.*

**§ 27.** Хьалха заманахь тӀеэцна долу хӀара дешнаш олуш ма-хиллара, хийцинчу кепара йаздо.

**Масала:** *аьрша (аршин), аккази, стака, кепек, минот, самар, ведар, инарла, эпсар, парз, кампет, кухни, газет, иту, машен, сиконд, копаста, куршка, кало (калош), картол, пичени, палто, пираьнг, павидал, пагон, подар, салти, жуьйлиг/жоьлг, милцо, батенк (←ботинок), вилспет, маццикал, меташка, мидал, гӀомат, кибарчиг, полици, пикарни, торпал, салаз, турба, бани, чамда, четар (шатёр), чот (счёт), йаьшка.*

Кхидолу дешнаш шина а кепара йаздан магадо.

**Масала:**

*ишкол – школа;*
*киншка – книга;*
*пурстоп – пристав;*
*ишкап – шкаф;*
*лоьмар – номер;*
*тилпо – телефон;*
*пилмот – пулемет;*
*шопар – шофёр;*
*тилвизор – телевизор;*
*халдилник – холодильник;*
*марзилник – морозильник.*

**§ 28.** Терминаш, йукъараллин-политикин маьIна долу вайн матто тIеэцна долу дешнаш, «родийн» чаккхенаш цайазйиар бен, кхин башхо йоцуш, оьрсийн орфографехь санна йаздо нохчийн маттахь а.

**Масала:** *социализм, резолюци, философи, истори, конференци, сесси, орфографи, морфологи, гармони, постфикс, инфикс, интерфикс.*

**§ 29.** Оьрсийн фамилеш, цІераш, ден цІераш, оьрсийн маттера тІеэцна географин цІераш (хийн, мехкийн, пачхьалкхийн, йартийн, гІаланийн, лаьмнийн), журналийн, газетийн, кхийолу долахь цІераш оьрсийн орфографехь ма-йазйарра йазйо нохчийн маттахь а.

**Масала:** *Николай Алексеевич Островский, Анна Андреевна Ахматова, Лев Николаевич Толстой, Георгий Константинович Жуков, Москва, Алма-Ата, Эльбрус, Волга, Нева.*



Амма пачхьалкхийн, мехкийн, меттигийн цӀерашкахь шайна тӀехь тохар доцу оьрсийн «родийн» чаккхенаш дӀа а йохуш, ***-и*** йаздо.

**Масала:** *Росси, Чехословаки, Норвеги, Испани, Итали, Ази, Петропавлоск-Камчатски, Шелковски, Старогладовски, Червленни, Ищерски.*

Оьрсийн маттахь шена тӀехь тохар долу чаккхе йелахь, нохчийн маттахь цуьнан метта ***-ой*** йаздо, оьрсийн маттахь «род» муьлхха йелахь а.

**Масала:** *Бологое – Бологой, Степное – Степной, Степная – Степной.*



# БИЛГАЛДЕШНИЙН НИЙСАЙАЗДАР

**§ 30.** Терахьашца хийцалучу лаамазчу мухаллин билгалдешнийн дукхаллин терахьан кепаш иштта йазйо.

**Масала:**
*жима – кегий;*
*доккха – даккхий;*
*готта – гаттий;*
*онда – андий;*
*стомма – стаммий;*
*доца – доций;*
*горга – горгий;*
*дуткъа – дуткъий;*
*гома – гомий.*



**§ 31.** Дожаршкахь ца хуьйцуш йаздо кху тайпана лаамаза мухаллин билгалдешнаш.

**Масала:**

*ал бос – ал басахь;*
*раз некъ – раз некъаца;*
*пурх некъ – пурх новкъа;*
*лач дожар – лач дожарехь;*
*перс сиз – перс сизаща;*
*деакIов цIа – деакIов цIийнах;*
*пис совдегар – пис совдегаро;*
*харц къамел – харц къамелехь;*
*сов цIа – сов цIенна;*
*йамарт стаг – йамарт стагах.*



**§ 32.** Дожаршкахь ца хуьйцуш йаздо доланиг дожарх кхолладелла лаамаза билгалдешнаш:

**Масала:**

*вешин кастом – вешин кастомах;*
*аннийн керт – аннийн кертах;*
*белхалойн класс – белхалойн классо;*
*йишин кортали – йишин корталино;*
*нохчийн мотт – нохчийн маттах;*
*лерган нIаьна – лерган нIаьнех;*
*некхан у – некхан уьнехь;*
*бецан тхи – бецан тхица.*

**§ 33.** Шиннал сов дешдакъа долчу лаамазчу билгалдешнийн чаккхенгара ***а*** лач дожаршкахь ца йаздо.

**Масала:**
*йистера кор – йистерчу кораца;*
*йуьртара хьаша – йуьртарчу хьешо;*
*кханалера де – кханалерчу денна;*
*йуккъера ишкола – йуккъерчу ишколехь;*
*хьалхалера – хьалхалерчу;*
*мацахлера – мацахлерчу;*
*стохкалера – стохкалерчу;*
*буьххьера – буьххьерчу;*
*йуьхьанцара – йуьхьанцарчу;*
*хьомсара – хьомсарчу.*



**§ 34.** Шина дешдекъах лаьттачу лаамазчу мухаллин билгалдешнийн лач дожаршкахь доца шеконан мукъа аз билгалден чаккхенгара ***а*** элп лардо.

**Масала:**

| | | |
|---|---|---|
| ***ЦI.*** | *жима кIант* | *йоккха йоI* |
| ***Дл.*** | *жимачу кIентан* | *йоккхачу йоьIан* |
| ***Л.*** | *жимачу кIантана* | *йоккхачу йоIана* |
| ***Др.*** | *жимачу кIанта* | *йоккхачу йоIа* |
| ***К.*** | *жимачу кIантаца* | *йоккхачу йоIаца* |
| ***Х.*** | *жимачу кIантах* | *йоккхачу йоIах* |
| ***М.*** | *жимачу кIанте* | *йоккхачу йоIе* |
| ***Дс.*** | *жимачу кIантал* | *йоккхачу йоIал* |





**§ 35.** Лааме билгалдешнаш цхьаллин терахьехь ***-иг, -ниг,*** дукхаллин терахьехь – ***-аш, -наш*** суффиксаш йолуш йаздо.

**Масала:**

*дика-ниг – дика-наш;*
*мерза-ниг – мерза-наш;*
*сирла-ниг – сирла-наш;*
*цӀен-иг – цӀен-аш;*
*кӀайн-иг – кӀайн-аш;*
*дайн-иг – дайн-аш.*



**§ 36.** Лаамечу билгалдешнийн лач дожарийн чаккхенаш хIокху кепара йазйо:

цхьаллин терахьехь – **-чун, -чунна, -чо, -чуьнца, -чух, -чуьнга, -чул;**

дукхаллин терахьехь – **-черан, -чарна, -чара, -чаьрца, -чарах, -чаьрга, -чарал.**



**Масала:**

| | **Цхьаллин терахь** | **Дукхаллин терахь** |
|---|---|---|
| ***ЦI.*** | *дика-ниг* | *дика-наш* |
| ***Дл.*** | *дика-чун* | *дика-черан* |
| ***Л.*** | *дика-чунна* | *дика-чарна* |
| ***Др.*** | *дика-чо* | *дика-чара* |
| ***К.*** | *дика-чуьнца* | *дика-чаьрца* |
| ***Х.*** | *дика-чух* | *дика-чарах* |
| ***М.*** | *дика-чуьнга* | *дика-чаьрга* |
| ***Дс.*** | *дика-чул* | *дика-чарал* |





**§ 37.** Цхьана дешдекъах лаьттачу мухаллин билгалдешнийн дустаран суффикс ***-хо*** йазйо (***-гІо*** ца йазйеш).

**Масала:** *кІон – кІохо, цІен – цІехо, кІайн – кІайхо, вон – вохо, дайн – дайхо, йайн – йайхо.*



# ТЕРАХЬДЕШНИЙН НИЙСАЙАЗДАР



**§ 38. Цхьаъ** боху терахьдош легош, **цхьа** орам хийца ца ло.

**Масала:** *цхьаъ, цхьаннан, цхьанна, цхьамма / цхьаммо / цхьанно, цхьаьнца, цхьаннах, цхьаьнга, цхьаннал.*



**§ 39.** Масаллин **цхьаъ, шиъ, кхоъ, пхиъ, ткъа** терахьдешнех кхолладелла декъаран терахьдешнаш хIокху кепара йаздо: *цхьаъ – цхьацца, шиъ – шишша, кхоъ – кхоккха, пхиъ – пхиппа, ткъа – ткъаттIа.*



**§ 40.** Терахьаш **40, 60, 80, 100, 1000, 19** гойту дешнаш кху кепара йаздо: *шовзткъа, кхузткъа, доьзткъа, бIе, эзар, ткъоьсна.*





**§ 41.** РогIаллин терахьдешнийн нийсайаздарехь литературин маттахь тIеэцна кепаш:

*цхьаъ – хьалхара,*
*шиъ – шолгIа,*
*кхоъ – кхоалгIа,*
*диъ – доьалгIа,*
*пхиъ – пхоьалгIа,*
*йалх – йалхалгIа,*
*ворхI – ворхIалгIа,*
*бархI – бархIалгIа,*
*исс – иссалгIа,*
*итт – итталгIа,*
*цхьайтта – цхьайтталгIа,*





*шийтта – шийтталгIа,*
*кхойтта – кхойтталгIа,*
*дейтта – дейтталгIа,*
*пхийтта – пхийтталгIа,*
*йалхитта – йалхитталгIа,*
*вуьрхIитта – вуьрхIитталгIа,*
*берхIитта – берхIитталгIа,*
*ткъоьсна – ткъоьсналгIа,*
*ткъа – ткъолгIа,*
*доьзткъа – доьзткъалгIа,*
*ткъе цхьаъ – ткъе цхьолгIа,*
*бIе – бIолгIа,*
*эзар – эзарлагIа.*



# ЦІЕРМЕТДЕШНИЙН НИЙСАЙАЗДАР



**§ 42. Со, хьо, тхо, шу** бохучу йаххьийн цIерметдешнийн хотталург, дустург дожарийн кепаш ораман мукъа аз ца хуьйцуш йазйо.

**Масала:** *сох, сол, хьох, хьол, тхох, тхол, шух, шул.*

ГIалат хир ду хIокху кепара йаздар: *соьх, соьл, хьоьх, хьоьл, тхоьх, тхоьл, шуьх, шуьл.*



**§ 43. Шу** боху цIерметдош коьчалниг, меттигниг дожаршкахь кху кепара йаздо: *шуьца, шуьга*.

ГIалат хир ду иштта йаздар: *шоьца, шоьга*.

**§ 44. Со, хьо, шу** боху цIерметдешнаш дийриг дожарехь **ас, ахь, аш** йаздо.

**Билгалдаккхар.**

Исбаьхьаллин тексташкахь маьIница догIучохь **аса, ахьа, аша** йаздан а магадо.

**§ 45.** **Уьш, хIорш, вуьйш, ишттанаш, муханаш, муьлханаш, оццулнаш, хIоккхулнаш** боху цIерметдешнаш хотталург, дустург дожаршкахь кху кепара йаздо: *царах, царал; кхарах, кхарал; хIокхарах, хIокхарал; вукхарах, вукхарал; иштачарах, иштачарал; мухачарах, мухачарал; муьлхачарах, муьлхачарал; оццулчарах, оццулчарал; хIоккхулчарах, хIоккхулчарал* (***царех, царел, кхарех, кхарел, -чарел, -чарех*** йаздар гIалат ду).



**§ 46.** Шен хIоттамехь ***-берш*** дакъа долчу цIерметдешнийн (**цхьаберш, наггахьберш, цхьаццаберш, кхиберш**) хотталург, дустург дожарийн кепаш иштта йазйо: *цхьаболчарал, цхьаболчарах; кхиболчарах, кхиболчарал.*



**§ 47.** Дукхаллин терахьан лаамечу доладерзоран цIерметдешнийн хотталург, дустург дожарийн йазйан магийна чаккхенаш ***-чарах, -чарал*** йу.

**Масала:** *вайнаш – вайчарах, вайчарал, тхайнаш – тхайчарах, тхайчарал, и. д. кх. а.*



**§ 48.** Лаамечу доладерзоран цIерметдешнийн цхьаллин терахьан лач дожарийн чаккхенаш кху кепара йазйо: ***-чун, -чунна, -чо, -чуьнца, -чух, -чуьнга, -чул.*** Церан дукхаллин терахьан лач дожарийн чаккхенаш иштта йазйо: ***-черан, -чарна, -чара, -чаьрца, -чарах, -чаьрга, -чарал.***

**Масала:** *вайниг, вайчун, вайчунна, вайчо, вайчуьнца, вайчух, вайчуьнга, вайчул; вайнаш, вайчеран, вайчарна, вайчара, вайчаьрца, вайчарах, вайчаьрга, вайчарал.*





§ 49. **Вовшийн, массо а, дерриге а, вайша / вайшиъ** бохучу цIерметдешнийн дожарийн кепаш иштта йазйо:

**Масала:**

| | | |
|---|---|---|
| ***ЦI.*** | | *массо а* |
| ***Дл.*** | *вовшийн* | *массеран а* |
| ***Л.*** | *вовшашна* | *массарна а* |
| ***Др.*** | *вовшаша* | *массара а* |
| ***К.*** | *вовшашца* | *массаьрца а* |
| ***Х.*** | *вовшех* | *массарах а* |
| ***М.*** | *вовшашка* | *массаьрга а* |
| ***Дс.*** | *вовшел* | *массарал а* |





| | | |
|---|---|---|
| ***ЦI.*** | *дерриге а* | *вайша / вайшиъ* |
| ***Дл.*** | *дерригенан а* | *вайшиннан* |
| ***Л.*** | *дерригенна а* | *вайшинна* |
| ***Др.*** | *дерригено а* | *вайшимма (-ммо)* |
| ***К.*** | *дерригенца а* | *вайшинца* |
| ***Х.*** | *дерригенах а* | *вайшиннах* |
| ***М.*** | *дерригенга а* | *вайшинга* |
| ***Дс.*** | *дерригенал а* | *вайшиннал* |





**§ 50. Маса** бохучу хаттаран цIерметдешан дожарийн чаккхенаш кху кепара йазйо: ***-ннан, -нна, -мма / -ммо, -нца, -ннах, -нга, -ннал.***

**Масала:**

***ЦI.*** *маса*
***Дл.*** *масаннан*
***Л.*** *масанна*
***Др.*** *масамма (-ммо)*
***К.*** *масанца*
***Х.*** *масаннах*
***М.*** *масанга*
***Дс.*** *масаннал*





# ХАНДЕШНИЙН НИЙСАЙАЗДАР



**§ 51.** Хандешан кепех кхолладелла дешнаш шаьш схьадевлла кеп ларйеш йаздо:

**Масала:** *оху – охуна, тоьгу – тоьгуна, хутту – хуттург, соцу – соцунгIа; кхоьлина де, йуьззина предложени, йаьржина ойла, хIутосург, йолхьокхург, йукъанайуьллург, тIехулатосург, дийцар, хьехам, такхор.*

**§ 52.** Хандешан карарчу хенан орамехь мукъа элпаш ***о, оь, у, уь, ов, ой*** хилахь, цуьнан чаккхенга ***у*** элп йаздо.

**Масала:** *олу, боху, доьшу, оьцу, лору, лоьру, хьожу, гойту, хьовсу, хьоьжу, узу, уьду, йуцу, йуьлу, социуьйту, молуьйту, ловзу, къовсу, дойту, вохуьйту, лоьйту, зоьйту.*

**Йукъардаккхар:** *тоа – тоьа, хоа – хоьа.*

**§ 53.** Хандешан карарчу хенан орамехь мукъа элпаш ***аь, е, ий, ев, аьв*** хилахь, чаккхенга ***а*** элп йаздо.

**Масала:** *лаьа, хаьа, лаьтта, Іема, Іена, лела, хеза, хьаьвза, хьийза, цІийза, сийса, къега, вевза, терса.*

**Билгалдаккхар.**

Нийса доцу хандешнаш кхечу кепара йаздо:

1) билгалзачу кепан тІаьххьара мукъа аз доца **[а]** делахь, карарчу хенахь чаккхенга ***о*** йаздо.

**Масала:** *дахьа – хьо, дала – ло, дан – до, марздан – марздо, таздала – тазло.*

**Йукъардаккхар:** *даха – доьду, Іан – Іа;*

2) билгалзачу кепан орамехь деха **[а]** делахь, карарчу хенахь чаккхенга ***ов*** йаздо.

**Масала:** *тан – тов, лан – лов, хьан – хьов, дан – дов.*
**Йукъардаккхар:** дан – догIу, дан – дохьу;

3) билгалзачу кепан орамехь деха **[иэ]** делахь, карарчу хенахь чаккхенга ***уьй / оь*** йаздо:

*лиэн – лоь / луьй;*
*хьиэн – хьоь / хьуьй;*
*зиэн – зоь / зуьй;*
*диэн – доь / дуьй;*
*тиэн – тоь / туьй;*
*иэн – оь / уьй.*

**Йукъардаккхар:** *Iиэн – Iа.*

**§ 54.** ХIинцца йаханчу хенан чаккхенаш хIокху кепара йазйо:

1) билгалзачу кепехь тIаьххьара мукъа аз деха **[иэ]** йа **[уо]** долчу хандешнашкахь – ***-ий***.

**Масала:**

*лиэн – лий;*
*иэн – ий;*
*тиэн – тий;*
*карчо (карчуо) – карчий;*
*къасто (къастуо) – къастий;*
*шаршо (шаршуо) – шарший;*
*Iамо (Iамуо) – Iамий;*



2) билгалзачу кепехь тӀаьххьара мукъа аз деха **[а]** долчу хандешнашкахь – ***-й***.

**Масала:**

*ла̄н – лай;*

*да̄н (дов) – дай;*

*та̄н – тай;*

*хьа̄н – хьай.*

**Йукъардаккхар:** *дан – догӀу – деа, дан – дохьу – деа;*



3) кхидолчу хандешнийн хIинцца йаханчу хенан чаккхенгахь ***-и*** йаздо.

**Масала:**
*саца – сеци;*
*лаца – леци;*
*марздан – марзди;*
*ган – ги;*
*алийта – алийти;*
*тоха – туьйхи;*
*дала – дели;*
*дахьа – даьхьи;*
*дан – ди.*
**Йукъардаккхар:** *ваха (йуьрта) – ваха.*

**§ 55.** Гуш йахана хан хIинцца йаханчу хенан кепа тIе ***-ра*** тохарца йазйо.

**Масала:**

*лиэн – лий – лийра;*
*иэн – ий – ийра;*
*тиэн – тий – тийра;*
*карчо – карчий – карчийра;*
*къасто – къастий – къастийра;*
*шаршо – шарший – шаршийра;*
*Іамо – Іамий – Іамийра;*
*лāн – лай – лайра;*
*дāн (дов) – дай – дайра;*
*тан – тай – тайра.*

**§ 56.** Йахана йаьллачу хенан кепаш кхаа кепара йазйо:

1) хIинцца йаханчу хенан кепа тIе ***-на*** тохарца:

**Масала:**

*лий – лий-на;*
*ий – ий-на;*
*къастий – къастий-на;*
*шарший – шарший-на;*
*Iамий – Iамий-на;*
*лай – лай-на;*
*дай (дов) – дайна;*
*тай – тай-на;*
*хьай – хьай-на;*

*тий – тий-на;*
*карчий – карчий-на;*
*Iеми – Iеми-на;*
*керчи – керчи-на;*
*лаьтти – лаьтти-на;*
*малийти–малийти-на;*
*ги – ги-на;*
*ваха – ваха-на;*
*деа – деа-на;*

2) хIинцца йаханчу хенан кепан чаккхенгара ***-и*** дIа а долуш, ***-на*** тIетохарца

**Масала:**

*сеци – сецна;*
*лехи – лехна;*
*лези– лезна.*

Иштта кхоллалучу цхьадолчу дешнийн хIинцца йаханчу хенан орамера ***э / е аь-***не, ***ий – э / е-***не хийцало.

**Масала:**

*дийши – дешна;*
*ийши – эшна;*
*дежи – даьжна.*



3) хIинцца йаханчу хенан чаккхенгара ***и*** охьадужучохь лардан тIаьххьара мукъаза элп ***л, т, тI, д*** делахь, и мукъаза элп шалхадолу.

**Масала:**
*ала – аьлла;*
*вала – ваьлла;*
*хада – хаьдда;*
*вада – ведда;*
*хьада – хьаьдда;*
*лата – летта;*
*йата – йетта;*
*ата – аьтта;*
*йатIа – йаьттIа.*





Барта къамелехь кхечу хандешнашкахь а йаьржина йу тIаьххьара мукъаза элп шалхадолу кеп. Йозанехь а и кепаш магош йу.

**Масала:**

*саца – сецна – сецца;*
*хеца – хецна – хецца;*
*дажа – даьжна – даьжжа;*
*леха – лехна – лехха;*
*лаза – лезна – лезза;*
*хаза – хезна – хезза;*
*деша – дешна – дешша;*
*хьажа – хьаьжна – хьаьжжа.*





**§ 57.** Карарчу хенан чаккхенгахь ***-о*** долчу хандешнийн йогӀучу хенан кепехь чаккхенгара ***-о -у***-не доьрзу.

**Масала:**
*ло – лур ду;*
*йохло – йохлур йу;*
*го – гур ву;*
*шелло – шеллур йу;*
*хьагло – хьаглур ву;*
*мацло – мацлур йу;*
*цӀийло – цӀийлур ву;*
*схьаго – схьагур ду;*
*хьо – хьур ду.*
**Йукъардаккхар:** *до – дийр ду.*





**§ 58. Дала** (дIакхалха), **Iан, Iен, дан** хандешнийн хин йолчу хенан кепан чаккхенга ***-ийр*** йаздо, хила мегачу хенан чаккхенгахь ***-ер*** йаздо:

**Масала:** *дан – дер – дийр ду, Iан/Iен – Iер – Iийр ву, дала – лер – лийр ду.*

Уьш чолхечу хандешнийн хIоттамехь хилча а, ларйо изза кеп.

**Масала:** *йаздан – йаздер – йаздийр ду, шелйан – шелйер – шелйийр йу, йохйан – йохйер – йохйийр йу, кIадван – кIадвер – кIадвийр ву.*



**§ 59.** Хила мегачу хенан хаттаран кепан суффиксехь ши ***р*** йаздо:

**Масала:**
*соцур – соцуррий;*
*дер – деррий;*
*лур – лурруй;*
*аьр – аьррий;*
*вогIур – вогIуррий.*



**§ 60.** Хьалха йаханчу хенан кеп, йахана йаьллачу хенан чаккхенгара ***-а*** дIа а долуш, ***-ера*** тIетухуш йазйо.

**Масала:**
*аьлла – аьллера;*
*хьаьжна – хьаьжнера;*
*ваьхна – ваьхнера;*
*лерина – леринера;*
*аьхна – аьхнера;*
*Iемина – Iеминера;*
*Iамийна – Iамийнера.*





**§ 61.** Хандешан ихначу хенан кеп йазйо, карарчу хенан кепа тIе ***-ра*** суффикс тIетухуш.

**Масала:**

*вогIу – вогIура;*
*дуьйцу – дуьйцура;*
*доьшу – доьшура;*
*хеза – хезара;*
*гойту – гойтура;*
*вуьгу – вуьгура;*
*йуцу – йуцура;*
*йуьлу – йуьлура;*
*лаьтта – лаьттара;*

*хьийза – хьийзара;*
*терса – терсара;*
*го – гора;*
*йаздо – йаздора;*
*шелло – шеллора;*
*йохло – йохлора;*
*хьагло – хьаглора;*
*мацло – мацлора;*
*кIадло – кIадлора.*





**§ 62.** Хандешан дацаран кеп йуьхьанцарчу кепа тIе ***-ц*** суффикс тIетухуш йазйо.

**Масала:** *алац (ца олу), йаздац (ца йаздо), хаац (ца хаьа), магац (ца мега).*

*ЙогIучу набарна гIовла эшац, баханчу безамна хазалла эшац.*



# ПРИЧАСТИЙН, ДЕЕПРИЧАСТИЙН НИЙСАЙАЗДАР



**§ 63.** Лаамазчу причастийн нийсачу дожарехь шиннал сов дешдакъа делахь, лач дожарехь ***чу-***на хьалха мукъа элп ца йаздо.

**Масала:**

*лестина – лестин-чу, Іемина – Іемин-чу, хаьттина – хаьттин-чу, дийцина – дийцин-чу, хаьрцина – хаьрцин-чу, ластийна – ластийн-чу, лазийна – лазийн-чу, йадийна – йадийн-чу.*



**§ 64.** Нийсачу дожарехь шина дешдекъах лаьттачу причастийн лач дожаран кепехь ***чу***-на хьалха ***а*** элп йаздо.

**Масала:**

*хезна – хезна-чу, доьжна – доьжна-чу, тоьхна – тоьхна-чу, Іийна – Іийна-чу, лийна – лийна-чу, дина – дина-чу, гина – гина-чу, лиъна – лиъна-чу, деъна – деъна-чу, хиъна – хиъна-чу.*



**Билгалдаккхар.**

**Ган, дан** дешнаш тIекхетарца кхолладеллачу хан-дешнех схьайевллачу причастешкахь а ца йаздо ***чу-***на хьалха ***а*** элп.

**Масала:**

*билгалдина – билгалдин-чу,*
*йаздина – йаздин-чу,*
*даздина – даздин-чу,*
*кIайдина – кIайдин-чу,*
*схьагина – схьагин-чу.*



**§ 65.** Причастийн а, деепричастийн а карарчу хенан кепаш шаьш схьайевлла хандешан кеп ларйеш йазйо.

**Масала:**
*оху латта – охург – охурш – охуш;*
*хьовсу книга – хьовсург – хьовсурш – хьовсуш;*
*худу хи – худург – худурш – худуш;*
*йуьлу мача – йуьлург – йуьлурш – йуьлуш;*
*йуьйцу книга – йуьйцург – йуьйцурш – йуьйцуш;*
*дуьйцу туьйра – дуьйцург – дуьйцурш – дуьйцуш;*
*лаьтта стаг – лаьттарг – лаьттарш – лаьтташ;*
*хеза дош – хезарг – хезарш – хезаш;*
*терса говр – терсарг – терсарш – терсаш;*
*хьаьвза хьер – хьаьвзарг – хьаьвзарш – хьаьвзаш.*

**Билгалдаккхар.**

Цу бакъонна йукъардовлу нийса доцу хандешнаш а, иштта **хаа, лаа** боху хандешнаш а.

**Масала:**

*дан – ден гIуллакх – дийриг (дийраш) – деш ;*

*дала – ло – лун совгIат – лург (лурш) – луш;*

*ган – го – гун сурт – гург (гурш) – гуш;*

*сацадала – сацало – сацалун говр – сацалург (сацалурш) – сацалуш;*

*лен – лоь – луьй стаг – луьйриг (луьйраш) – луьйш;*

*эн – оь – уьй адам – уьйриг (уьйраш) – уьйш;*

*хаа – хаьа – (ца)хуу х1ума – хуург (хуурш) – хууш;*

*лаа – лаьа – (ца)луу х1ума – луург (луурш) – лууш.*

**§ 66.** Карарчу хенан лаамечу причастин цхьаллин терахьехь ***-риг*** суффикс, дукхаллин терахьехь ***-раш*** суффикс йазйо, нагахь санна оцу суффиксана хьалхара мукъа аз деха делахь.

**Масала:**
*дийриг – дийраш;*
*луьйриг – луьйраш;*
*туьйриг – туьйраш;*
*дуьйриг – дуьйраш;*
*Іийриг – Іийраш;*
*зуьйриг – зуьйраш;*
*хьуьйриг – хьуьйраш;*
*лийриг – лийраш.*



**§ 67.** Причастийн а, деепричастийн а йаханчу хенан кепаш шаьш схьайевлла хандешан кеп ларйеш йазйо.

**Масала:**
*Iемина хIума – Iеминарг – Iемина веъна;*
*Iамийна гIуллакх – Iамийнарг – Iамийна веъна;*
*дешна кехат – дешнарг – дешна веъна;*
*аьлла дош – аьлларг – аьлла ваьлла;*
*йедда бекъа – йеддарг – йедда йеъна;*
*йаьттIа коч – йаьттIарг – йаьттIа дIайаьлла (йатIа а йаьттIа).*



**§ 68.** Лаамечу причастийн лач дожарийн чаккхенаш цхьаллин терахьехь ***-чун, -чунна, -чо, -чуьнца, -чух, -чуьнга, -чул,*** дукхаллин терахьехь ***-черан, -чарна, -чара, -чаьрца, -чарах, -чаьрга, -чарал*** йазйо.

**Масала:**

| | | |
|---|---|---|
| ***ЦI.*** | *олург* | *олурш* |
| ***Дл.*** | *олучун* | *олучеран* |
| ***Л.*** | *олучунна* | *олучарна* |
| ***Др.*** | *олучо* | *олучара* |
| ***К.*** | *олучуьнца* | *олучаьрца* |
| ***Х.*** | *олучух* | *олучарах* |
| ***М.*** | *олучуьнга* | *олучаьрга* |
| ***Дс.*** | *олучул* | *олучарал* |



| | | |
|---|---|---|
| ***ЦI.*** | *дешнарг* | *дешнарш* |
| ***Дл.*** | *дешначун* | *дешначеран* |
| ***Л.*** | *дешначунна* | *дешначарна* |
| ***Др.*** | *дешначо* | *дешначара* |
| ***К.*** | *дешначуьнца* | *дешначаьрца* |
| ***Х.*** | *дешначух* | *дешначарах* |
| ***М.*** | *дешначуьнга* | *дешначаьрга* |
| ***Дс.*** | *дешначул* | *дешначарал* |





**§ 69.** Хандешнех латтаман кепаш кхоллалуш, мукъазчу аьзнийн шалхадалар йозанехь билгалдоккху.

**Масала:**
*хеззашехь, хеззнашехь, хезнашшехь;*
*гушшехь, гиннашехь;*
*моллушехь, меллашехь;*
*дуьйццушехь, дийцциншехь;*
*дешшехь, диннашехь, динашшехь.*



Амма **[ъ]** аз шалхадолучохь ***ъ*** элп цхьаъ бен ца йаздо.

**Масала:**

*дуу – дуъушехь («дуъъушехь» ца йаздеш);*
*хьаа – хьаьъашехь, хьаьънашехь;*
*тоа – тоьъашехь, тоьънашехь.*



**§ 70.** Йаханчу хенан хандашах хиллачу латтаман кепехь суффикс ***-ча*** йазйо (***-чи*** ца йазйеш).

**Масала:**
*аьлла – аьлча;*
*хезна – хезча;*
*йаздина – йаздича;*
*Іемина – Іемича;*
*дийцина–дийцича;*
*хаьттина – хаьттича;*
*хьаьжна – хьаьжча.*





**Билгалдаккхар.**

Фольклорехь, исбаьхьаллин литературехь, барта къамелехь ***-чахь*** чаккхе лелор нисло.

**Масала:** *аьлчахь, хезчахь, йаздичахь, Іемичахь, дийцичахь.*





**§ 71.** **Ду** бохучу хандашах кхоллайеллачу причастин лааме а, лаамаза а кепаш – **долу, дерг, доцу, доцург** – къаьстина йазйо:

**Масала:**

| | | | |
|---|---|---|---|
| *гуш долу* | *– гуш дерг* | *– гуш доцу* | *– гуш доцург;* |
| *гун долу* | *– гун дерг* | *– гун доцу* | *– гун доцург;* |
| *луш долу* | *– луш дерг* | *– луш доцу* | *– луш доцург;* |
| *гена долу* | *– гена дерг* | *– гена доцу* | *– гена доцург;* |
| *са долу* | *– са дерг* | *– са доцу* | *– са доцург;* |
| *лун долу* | *– лун дерг* | *– лун доцу* | *– лун доцург;* |





*декхар долу – декхар дерг  – декхар доцу – декхар доцург;*
*сийлахь долу – сийлахь дерг – сийлахь доцу – сийлахь доцург;*
*къайлах долу – къайлах дерг – къайлах доцу – къайлах доцург;*
*мел долу – мел дерг – мел доцу  – мел доцург;*
*дагахь долу  – дагахь дерг – дагахь доцу – дагахь доцург.*



# ЦХЬАЬНА А, КЪАЬСТИНА А, ДЕФИСЦА А ЙАЗДАР



## Чолхечу цIердешнийн нийсайаздар

**§ 72.** Шина йа масех дешан цхьаьнакхетар чолхе дош ларало, нагахь оцу цхьаьнакхетарехь керла маьIна а делахь, церан тIаьххьара дакъа бен хийцалуш а дацахь, царах цхьаъ ша къаьстина оццу маьIнехь лелаш а дацахь.





**Масала:**

*дегабаам, беттаса, билгалдош, бочабIар, бобер, дагалацам, дагахьбаллам, Даймохк, даьхнилелорхо, деваша, дегайовхо, дейиша, демаьхча, денана, дешдакъа, жаIу, зудабер, йишикIант, йукъаметтиг, йоIстаг, кIантстаг, куцдош, къилбаседе, къинхетам, къинхьегам, малхбале, малхбузе, марваша, марда, марнана, маьрйиша, маьхчйоI, маьхчкIант, мехкадаьтта, нēнамаьхча, ненанана, стунваша, стунда, стунйиша, стуннана, тешнабехк, озабезам, хьелиозархо, цIердош, цIийнда, цIийннана, цIоькъалом, шагатIулг, шалгу, шедакхаж, шичйоI, шичкIант.*





**Билгалдаккхар.**

ШолгIа компонент **кIант, йоI** дешнашца долчу цхьаьнакхетаршкахь дакъош къаьстина йаздар а магадо, хьалхара дакъа йуъззинчу кепехь а йаздеш.

**Масала:** *шичин кIант, маьхчин кIант, шичин йоI, маьхчин йоI.*



**§ 73.** ЦІердошший, лааме причастий цхьаьнакхетарца кхолладелла цІердешнаш цхьаьна йаздо.

**Масала:** *чІерийлоьцург (олхазар), босбуург, хидуьллург, чимтосург, шекъадуттург, шекардуьллург, туьхадуьллург, хІутосург, йолхьоккхург, кІаорург, тІобоккхург, кІалдйоккхург, чермадузург, йукъанайуьллург.*



**§ 74. БIе, шо** лардаш цIердешан маьIнехь лелаш йелахь, цхьаьна йазйо.

**Масала:** *ткъолгIа бIешо, вуьрхIитталгIа бIешо, йуккъера бIешераш.*

Терахьдош а, цIердош а шен шен маьIнехь лелаш делахь, къаьстина йаздо.

**Масала:** *бIе шо даьлча; бIе шо хьалха; бIе шо кхаьчна.*



**§ 75.** Гулдаран маьIнехь долу чолхе цIердешнаш дефисца йаздо.

**Масала:** *да-нана (да а, нана а), коч-хеча (коч а, хеча а), кад-Iайг (кад а, Iайг а), тай-маха (тай а, маха а), текх-цаца (текх а, цаца а), ког-корта (ког а, корта а), мох-дарц (мох а, дарц а), ка-мIараш, нуй-аьшкал, нуй-горгам, сал-пал, шай-кай.*



**§ 76.** Йуххедиллар ша билгалдечу дашца дефисца йаздо.

**Масала:** *зуда-хьехархо, чабакх-чIара, йай-чIара, йоI-дешархо, Соип-молла, кегий нах-иччархой, Гуьмса-гIала.*



**§ 77.** Цхьана дешан маьIна а долуш, цхьаьнакхеттачу шина цIердашах хилла чолхе цIердешнаш дефисца йаздо.

**Масала:** *инарла-майор, инарла-лейтенант, инарла-полковник, премьер-министр, вице-президент* (легарехь шолгIа цIердош бен ца хийцало: *инарла-майора, инарла-лейтенанта*).

**§ 78.** Чолхе долахь цӀераш дефисца йазйо, ший а дакъа доккхачу элпаца а йаздеш.

**Масала:** *Мохьмад-СаӀид, Сайд-Мохьмад, Сайд-Ӏусман, Тиймар-Солта, Ӏабдул-Керим; Соьлжа-ГӀала, Ӏели-Йурт, Нажи-Йурт*.

**§ 79. Ах** боху дош шеца долчу цӀердашах къаьстина йаздо.

**Масала:** *ах хорбаз, ах сахьт, ах йурт, ах керт, ах дакъа, ах километр, ах мах, ах сом.*

**Йукъардаккхар:** *ахгӀайре.*

## Чолхечу билгалдешнийн нийсайаздар

**§ 80.** Доланиг дожаран кепехь долчу шишша йа цул сов цхьаьна нисделлачу дешнех хилла чолхе билгалдешнаш дефисца йаздо.

**Масала:** *нохчийн-оьрсийн лугIат, оьрсийн-нохчийн лугIат, нохчийн-гIалгIайн-оьрсийн лугIат*.

**§ 81.** Мухаллин билгалдешнийн лардех лаьтташ долу чолхе билгалдешнаш дефисца йаздо.

**Масала:**
*цIен-къорза;*
*лоха-лекха;*
*тиша-цIена;*
*дика-вон;*
*сирла-цIен;*
*таьIна-цIен;*
*цIен-расха;*
*таьIна-цIен-можа;*
*таьIна-боьмаша;*
*кIеда-мерза.*



**§ 82.** Дустаран маьӀнехь долу цӀердошший, мухаллин билгалдошший цхьаьнакхетарца кхоллалуш долу чолхе билгалдешнаш дефисца йаздо.

**Масала:**
*шурул-кӀайн;*
*кӀарул-Ӏаьржа;*
*цӀарул-цӀен;*
*барул-можа;*
*бел-баьццара;*
*лилул-сийна.*



**§ 83.** Орам карлабаларца кхолладелла чолхе билгалдешнаш дефисца йаздо.

**Масала:**

*дик-диканиг (дик-дика);*
*хаз-хазаниг (хаз-хаза);*
*жим-жиманиг (жим-жима);*
*лекх-лекханиг (лекх-лекха);*
*лох-лоханиг (лох-лоха);*
*керл-керланиг (керл-керла);*
*йокх-йоккханиг (йокх-йоккха).*

**§ 84.** Цlерниг дожарехь долчу цlердашна тlе билгалдош кхетарца кхолладелла дешнаш цхьаьна йаздо.

**Масала:** *догцlена стаг – догцlенаниг, догдика адам – догдиканиг, догмайра иччархо – догмайраниг; догкlеда, догъlаьржа, сацlена, тlамшера, самаьрша, самеца, сакlезга, чошера, чуомеца, бlасийна, боссийна, босцlена, босхаза, куьгбехке, когбайн, куьгговза.*

## Чолхечу терахьдешнийн нийсайаздар

**§ 85.** Чолхе декъаран терахьдешнаш дефисца йаздо.

**Масала:** *биъ-биъ къолам, йалх-йалх дешархо, ворхI-ворхI жайна, исс-исс могIа.*



**Билгалдаккхар.**

Цхьайттанна тIера ткъоьсна тIе кхаччалц долу терахьдешнаш а, ткъаннаш дагардеш долу **шовзткъа, кхузткъа, доьзткъа** боху терахьдешнаш а декъаран терахьдешнашка дерзош, дефисца йаздо, хьалхара орам шалха а болуш.

**Масала:** *цхьайт-цхьайтта, шийт-шийтта, кхойт-кхойтта, дейт-дейтта, пхийт-пхийтта, йал-йалхитта, вуьр-вуьрхIитта, бер-берхIитта, ткъоьс-ткъоьсна, шов-шовзткъа, кхуз-кхузткъа, доьз-доьзткъа.*



**§ 86.** Чолхе билгалза-масаллин терахьдешнаш дефисца йаздо.

**Масала:** *цхьа-ши стаг – цхьа-шиъ, кхо-виъ кIант, пхи-йалх, исс-итт, ши-кхо кор – ши-кхоъ.*

**§ 87.** Цхьайттанна тIера берхIиттанна тIе кхаччалц долчу чолхечу масаллин терахьдешнийн ши орам цхьаьнакхетачохь, хьалхарчу ораман чаккхенгарчу мукъачу элпана тIехьа ***-йтта,*** мукъазчунна тIехьа ***-итта*** йаздо.

**Масала:** *цхьайтта, шийтта, кхойтта, дейтта, пхийтта, йалхитта, вуьрхIитта, берхIитта.*

**§ 88.** ХIоттаман терахьдашна йукъахь долу хIора дош къаьстина йаздо.

**Масала:** *ткъе цхьаъ, эзар ворхI бIе ткъе йалх.*

## ЦIерметдешнийн нийсайаздар

**§ 89.** Йуьззинчу кепашкахь цхьаьнадогIуш долу йаххьийн а, доладерзоран а цIерметдешнаш къаьстина йаздо.

**Масала:** *со суо, хьо хьуо, и ша, тхо тхаьш, вай ваьш, шу шаьш, уьш шаьш.*



Лакхахь далийнчарах кхоллайелла лач дожарийн кепаш а, лааме цIерметдешнаш а ду къаьстина йаздеш.

**Масала:** *сан сайн – сан сайниг, хьан хьайн – хьан хьайниг, цуьнан шен – цуьнан шениг, тхан тхешан – тхан тхешаниг, вайн вешан – вайн вешаниг, шун шайн – шун шайниг, церан шайн – церан шайниг, кхуьнан шен – кхуьнан шениг, кхеран шайн – кхеран шайниг.*





**§ 90.** Орам карлабаларца кхоллалуш долу чолхе цIерметдешнаш дефисца йаздо.

**Масала:** *муьлх-муьлха, муьлх-муьлхха а, мил-милла а, хьен-хьеннан а, хьан-хьанна а, хьаъ-хьаъа а, хьаьнц-хьаьнца а, хьан-хьаннах а, хьаьнг-хьаьнгга а, хьан-хьаннал а.*



**§ 91. Волу, верг** тIекхетарца кхолладелла цIерметдешнаш цхьаьна йаздо.

**Масала:** *цхьаволу – цхьаверг, цхьаццаволу – цхьацaверг, кхиволу – кхиверг, наггахьволу – наггахьверг, дукхахберш, дукхахверг.*



## Чолхечу хандешнийн нийсайаздар

**§ 92.** Билгалдешнашна а, хандешнашна а тӀе **дан, дайта, дала, далийта, даккха (дāха), дāла (довла, дийла), дуола** кхетарца кхолладелла хандешнаш цхьаьна йаздо.




хандешнаш цхьаьна



**Масала:**
*йаздан, сихдан, цӀийдан, кӀайдан;*
*кӀайдайта, цӀандайта, малдайта, сихдайта;*
*самайаккха, карлайаккха, самсадаккха;*
*лахдала, жимдала, кӀайдала, цӀийдала, Ӏарждала;*
*макхдалийта, маждалийта, кӀаддалийта,*
*гӀелдалийта, жимдалийта, дийцадалийта;*
*самайа̄ла, серлайа̄ла, самсайа̄ла, лакхада̄ла;*
*писдуола, мурдуола, къордуола мажардуола.*





**§ 93.** Билгалдешнашна тӀе **дан, дала** (карарчу хенахь – **ло**), **дайта, дуола** кхетарца кхолладеллачу хандешнашкахь хьалхарчу лардан чаккхенгара ***а*** ца йаздо.

**Масала:**

*лахдала, жимдала, кӀаддала, кӀаргдала, Ӏарждала;*
*къордуола, писдуола, мурдуола;*
*марздан, Ӏарждан, мацдан, цӀиндан;*
*сендайта, тӀундайта, дурдайта.*



**§ 94.** Билгалдешнашна а, куцдешнашна а тIе **даккха (да̄ха), да̄ла (довла, дийла)** кхетарца кхолладеллачу хандешнашкахь хьалхарчу лардан чаккхенгара ***а*** йаздо.

**Масала:**
*лакхадаккха, лахадаккха, генадаккха;*
*самада̄ла, чуьрада̄ла, гучада̄ла;*
*самадовла, чуьрадовла;*
*арадийла, къайладийла;*
*самсада̄ха, нилхада̄ха.*

**§ 95.** Хандешнашна тӀе **дан (до, дуора), дайта, дала, далийта, даккха (да̄ха), да̄ла (довла, дийла)** кхетарца кхолладеллачу хандешнашкахь хьалхарчу лардан чаккхенгара ***а*** йаздо.

**Масала:**
*Ӏамадо, сацадо, тешадо;*
*сацадайта, Ӏамадайта, лазадайта;*
*деладала, ийзадала, къовсадала;*
*тохадалийта, лацадалийта, деттадалийта;*
*ловзадаккха, халхадаккха, лазадаккха;*
*ловзада̄ла, халхада̄ла, сийсада̄ла;*
*хьийзадовла, ловзадовла, халхадовла;*
*ловзадийла, халхадийла.*

**§ 96.** Чолхечу хандешнашкахь хьалхара лард шиннал сов дешдекъах лаьтташ йелахь, оцу лардан чаккхенгара ***а*** ца йаздо.

**Масала:**

*йукъара – йукъардала; йукъардаккха;*
*нацкъара – нацкъардала;*
*йуьстаха – йуьстахдала;*
*Іункара – Іункардерза;*
*букара – букарвола.*



## Чолхечу причастийн, деепричастийн нийсайаздар

**§ 97.** Орам карлабоккхуш кхоллайелла чолхе причастеш дефисца йазйо.

**Масала:** *йаз-йазйинарг, йазйин-йинарг, йеш-йешнарг, гин-гинарг, аьл-аьлларг, хез-хезарг, хез-хезнарг, соц-соцург, сец-сецнарг, хьож-хьожург, хьаьж-хьаьжнарг, мег-мегарг, мег-мегнарг, дийц-дийцина, лиъ-лиъна, тоьх-тоьхна, маг-магийна, сац-сацийна, хаз-хаздина.*



**§ 98.** Деепричастешкахь маьIна чIагIдечохь деха олуш долу мукъа аьзнаш **[у]** йа **[а]** гойту элпаш, йуккъе дефис а йуьллуш, шала йаздо.

**Масала:** *дуьйцу-уш, Iема-аш, соьцу-уш, йожуьйту-уш, Iийна-а, лелла-а.*

**§ 99.** Дош карладоккхуш а, чIагIдаран маьIница а кхоллайелла чолхе деепричастеш шинхьа дефис йуьл-луш йазйо.

**Масала:** *соц-соцу-уш, Iем-Iема-аш, лох-лоху-уш, хорж-хоржу-уш, хьож-хьожу-уш, йуьл-йуьллу-уш, хез-хеза-аш.*



## Чолхечу куцдешнийн нийсайаздар

**§ 100.** Орам карлабоккхуш кхолладелла чолхе куцдешнаш дефисца йаздо.

**Масала:** *сар-сарахь, шар-шарахь, кест-кеста, йух-йуха, йукъ-йукъа, тӀаьхь-тӀаьхьа, тайп-тайпана (дуьйцу), бес-бесара (олу), дукхе-дукха, гап-гиппехь, дап-диппехь, кӀарс-кӀирссехь / кӀарс-кӀирснехь, лап-липпехь / лап-липнехь, къарш-къиршехь.*



**§ 101. Аьлла** боху дош тӀекхетарца кхолладелла чолхе куцдешнаш дефисца йаздо.

**Масала:** *тӀоф-аьлла дӀатилира, тап-аьлла дӀатийра, парт-аьлла хьалаиккхира, гап-аьлла дуьйжира, дап-аьлла охьадиллира, тӀох-аьлла иккхира, тӀап-аьлла вайнера, тӀах-аьлла лелаш вара, гӀарчӀ-аьлла ву.*

**§ 102. Цхьа** боху дош тIекхетарца кхолладелла чолхе куцдешнаш цхьаьна йаздо.

**Масала:** *цхьажимма, цхьакIеззиг, цхьанаггахь, цхьатерра.*

**§ 103.** ХIара куцдешнаш дефисца йаздо: *диэдда-йукъа, йукъ-кара.*

## Чолхечу айдардешнийн а, азтардарийн а нийсайаздар

**§ 104.** Чолхе айдардешнаш а, азтардарш а дефисца йаздо.

**Масала:** *эхIе-хIай, хIай-хIай, маржа-йаI, байттамал-йаI, жолам-йаI; гап-гип, дап-дип, чахь-чихь, гов-гив-гов, дап-дип-дап, гап-гип-гап, чахь-чихь-чахь.*

**§ 105.** Чолхечу айдардешан чаккхенга хIуттуш долу чIагIдаран дакъалг ***-кх*** дефисца йаздо.

**Масала:** *маржа-йаI-кх, жолам-йаI-кх, байттамал-йаI-кх, эхIе-хIай-кх.*

# ДЕШХЬАЛХЕНАШ А,
# ДЕШТІАЬХЬЕНАШ А НИЙСАЙАЗЙАР



**§ 106.** Доланиг дожарца лелаш йолу **дуьхьа, хьокъехь** дештӀаьхьенаш къаьстина йазйо.

**Масала:** *Даймехкан дуьхьа, церан дуьхьа, баккхийчеран дуьхьа, берийн дуьхьа, белхан хьокъехь, дешаран хьокъехь, дахаран хьокъехь.*



**§ 107. Чу, тIе, тIаьхьа, тIоьхула, чухула** дешхьалхе а, дештIаьхье а хуьлий лела. Нагахь санна шена хьалха долчу дашца цара латтам кхуллуш белахь, уьш дештIаьхьенаш йу, цундела къаьстина йазйо.

**Масала:** *хи чу кхосса (мича кхосса?), стоьла тIе йилла (мича йилла?), хи чухула (дIа) дахара, хи чухула дахара (мичахула дахара?), тIай тIоьхула ваьлла (мичахула ваьлла?), жайни тIе хьажа (мича хьажа?).*



Цул сов, нагахь царна тIаьхьа догIучу хандашна тIе дешхьалхе йа коьрта къамелан дакъойх долу дош хIотто йиш йелахь, уьш дештIаьхьенаш ларало, цундела къаьстина йазйо.

**Масала:** *хи чу (дIа)кхосса, хи чу (тIулг) кхосса, стоьла тIе (охьа)йилла, стоьла тIе (кехат) дилла, хи чухула (дIа)дахара, хи чухула (кема) дахара, тIай тIоьхула (дехьа)ваьлла, тIай тIоьхула (стаг) ваьлла.*

Кхечу меттигашкахь уьш дешхьалхенаш хуьлу, цундела уьш хандешнашца цхьаьна йазйо.

**Масала:** *хи чудоьжна, кIант тIевеъна, книгина тIехьаьжа, цунна тIаьхьавада.*



# ХУТТУРГАШ НИЙСАЙАЗЙАР

**§ 108.** Дагардаран маьIнехь дашна тIаьхьа йогIу хуттург **а** хьалхарчу дашах къаьстина йазйо.

**Масала:** *Хьава а, Зайнап а, Роза а ишколе йахара. Бацалахь лепара сийна а, можа а зезагаш.*

**Ца мега:** *Бацалахь лепара сийнаъ, можаъ зезагаш.*



**§ 109.** ХIоттаман хуттургийн дакъош къаьстина йаздо.

**Масала:** *нагахь санна, хIунда аьлча, аьлча а, делахь а, хIетте а.*



**§ 110.** Чолхе хуттургаш **бакъду, цхьабакъду** цхьаьна йазйо.

**Масала:** *Арахь йекхна йара, бакъду, йовха-м йацара.*

**Билгалдаккхар.**

**Бакъду** бохучу хуттургах къасто деза хIоттаман сказуеми кхуллуш долу **бакъ ду** ши дош.

**Масала:** *Ахьмада бохург бакъ ду.*

# ДАКЪАЛГАШ НИЙСАЙАЗДАР

**§ 111.** ХIара дакъалгаш дефисца йаздо: ***-кх, -кхи, -кха, -м, -х, -теша, -те, -техьа, -ца:***

**Масала:**

*Аьллий-те? Хезний-техьа? Йаздиний-теша?*

*Асета-м пхиъ даькккхина сочиненина. Иза-х ишколехь тIех дика дешна йу. Цо йазйина-кх сочинени, цхьа а гIалат доцуш. Иза иштта аьлла-кхи цо.*

*Иза иштта аьллий-ца цо?! Иштта бохурий-ца цо?!*



**§ 112.** ЧIагIдаран дакъалг **ма,** шеца лела дош ора-мера мукъаза аз шалхадолуш делахь, дефисца йаздо, дацахь, къаьстина йаздо.

**Масала:** *Оха ишколехь Iамадо* ***ма-****дарра а, лач а къамелаш. Дукха генахь* ***ма*** *дара и.*

| | |
|---|---|
| *шена ма-хетта* | *иштта ма хета* |
| *ма-хиллара* | *иза кIеда ма хуьлу* |
| *ша ма-варра* | *и ша ма вара* |
| *кхосса ма-веллинехь* | *и лекха ма кхоссало* |
| *шен ма-хуьллу* | *цунна-м ма хуьлу и* |
| *чкъург ма-хьаьвзза* | *чкъург ма хьаьвза цуьнан* |
| *стигал ма-ййу* | *стигал сирла ма йу* |





**§ 113. Ца** дацаран дакъалг хандашца къаьстина йаздо.

**Масала:** *ца хеза, ца хезна, ца хаьа, ца хета, ца лаьа, ца дуьйцу.*

Масдаршца а, карарчу а, йаханчу а хенан лаамечу причастешца а дакъалг **ца** цхьаьна йаздо.

**Масала:** *цахазар, цахаар, цахетар, цалаар, цадиййцар; цахезарг, цахезнарг, цахуург, цахиънарг, цахетарг, цахеттарг, цалуург, цалиънарг, цадуьйцург.*



**§ 114.** Чолхечу масдарехь, причастехь шина орамна йуккъе нислахь а, дешхьалхенний, орамний йуккъе нислахь а, дакъалг **ца** цхьаьна йаздо.

**Масала:** *къацахетар, дIацаалар, сацагар, дIацаэцар, дIацавийцар, йазцадар / цайаздар, дIацааьлларг, къацахетарг, къацахьегнарг, лазацавар, харццадар, лахцадар, дохацадар, латацадар.*

**§ 115.** ЙогIучу хенан лаамечу причастица дакъалг **ца** къаьстина йаздо:

**Масала:** *ца хеза дерг, ца хета дерг, ца хуу дерг, ца дуьйцу дерг, ца моьтту дерг, ца лору дерг.*



**§ 116.** Дацаран дакъалг **ма** хандашца къаьстина йаздо.

**Масала:** *ма гIуо, ма ала, ма дийцалахь, ма гахьара, ма дуохахьара.*



**§ 117.** Дакъалгаш **ца** йа **ма** чолхечу хандашехь йуьххьехь а, шина орамна йуккъехь а нисло. Уьш къаьстина йаздо.

**Масала:** *ма йазде – йаз ма де, ца йаздо – йаз ца до; ма шелло – шел ма ло, ца шелло – шел ца ло; ма кІадло – кІад ма ло, ца кІадло – кІад ца ло.*

**§ 118.** Дацаран дакъалг **ца** деепричастица къаьстина йаздо.

**Масала:** *ца олуш, ца хезаш, ца хеташ, ца моьттуш, ца хоттуш, ца гуш, ца хьожуш, ца дуьйцуш.*

**§ 119.** Дакъалг **ца** лаамазчу причастица къаьстина йаздо.

**Масала:** *ца олу дош, ца аьлла дош, ца хеза дош, ца хезна дош.*

**§ 120.** Хандашна тӀехьа лела дакъалг **ца** дефисца йаздо.

**Масала:** *хиъний-ца, аьллий-ца; хьенех дӀавижнерий-ца; йамартлоно кадаькккхин-ца хьан; дагана а хиллий-ца кхин цхьа дог тӀеоьшуш; хӀетте а йоьдий-ца буьйса а шекйоцуш дӀа.*



**§ 121.** Дакъалгаш **дела, дера, мел, бен, хьуна** къаьстина йаздо.

**Масала:** *аьлла дера; дера аьлла; мел хаза а, тийна а ду; ца кхуьу дела; дера вогIур ву; гIали тIе мел кхочу; ша мел дийриг; ма йахара ишколе; деккъа тIулгаш бен; цхьа гIулч йаккхал бен; со ца вогIу хьуна; и дика хIума ду хьуна.*



**§ 122. Ур-атталла** боху чолхе чIагIдаран дакъалг йуккъе дефис йуьллуш йаздо.

**§ 123. ХIан-хIа** боху чолхе дацаран дакъалг йуккъе дефис йуьллуш йаздо.



§ 124. **ДуьххьалдIа** боху дакъалг цхьаьна йаздо.

§ 125. **Билггал** боху дакъалг мукъаза элп *г* шалхадоккхуш йаздо.





# ЙУКЪАДАЛОЧУ ДЕШНИЙН НИЙСАЙАЗДАР



**§ 126.** РогӀалла гойтуш долу чолхе йукъадало дешнаш йуккъе дефис йуьллуш йаздо.

**Масала:** *цкъа-делахь, шолгӀа-делахь / шозлагӀа-делахь, кхоалгӀа -делахь / кхозлагӀа -делахь, доьалгӀа-делахь / доьазлагӀа-делахь.*

**§ 127.** ШолгIа дакъа **хьуна** долчу йукъададалочу дешнийн цхьаьнакхетар къаьстина йаздо.

**Масала:** *дуй хьуна, деца хьуна.*

# ДОШ ДЕХЬАДАККХАР

**§ 128.** Дош цхьана могIанера керлачу могIане дехьадоккху, дешдакъош а ца дохош.

**Масала:** *ла-ми, га-ли, ча-ми, ил-ли, ол-ха-зар, мел-ла-ша, эм-кал, ич-чар-хо, дIа-дий-ши-ра, ле-ци-ра, ме-ли-ра, во-та, доьх-ка, мер-за, къах-кий-ра, хат-тар, дий-цар.*

**§ 129.** Дош дехьадоккхуш, цхьана дешдекъах лаьтта дош декъа мегар дац.

**Масала:** *лам, лом, диг, некъ, элп, говр, аз, зил, сиз, кхаж, жарж.*

**§ 130.** Дош дехьадоккхуш, цхьа элп хьалхарчу могIанехь дита а, дехьадаккха а ца мега.

**Масала:** *ага, ога, эша, угIа.*



**§ 131.** Цхьана дешдекъах лаьтта дешхьалхе, дош дехьадоккхуш, йекъа а, йохо а ца мега.

**Масала:** *дIа-чIагIа, дIа-йелла, схьа-чIагIа, схьа-йелла, тIе-татта, тIе-чIагIа, тIех-вала.*



**§ 132.** Шина йа кхаа дешдекъах лаьтта дешхьалхе, дош дехьадоккхуш, дешдакъошца йекъа мега.

**Масала:** *тIе-ра-йоккху, тIе-ху-ла-тосург, дIа-са-вахара, хьа-ла-эца, хьа-ла-хьо*

**§ 133.** Дош дехьадоккхуш, шала мукъаза элпаш декъа мега.

**Масала:** *сал-лар, кхал-лар, кхос-сар, хат-тар, дат-тар, бат-там, дил-лина, йит-тина, хаьд-да, аьл-ла, йаьл-ла.*

**§ 134.** Дош дехьадоккхуш, шалха шала мукъаза элпаш долчу дешнашкахь дехьадаккхар шина кепара магадо: хьалхарчу элпан шолгIа хьаьрк ца йаздеш а, ший а элп дуьззина йаздеш а.

**Масала:** *дуьх-хьара – дуьхь-хьара, дак-кха – дакх-кха, дек-къа – декъ-къа.*



**§ 135.** Дош дехьадоккхуш, шалха элпаш а, дифтонгаш а йекъа ца мега.

**Масала:** *къиэ-га, диэ-ша, тиэ-ша, туо-хар, луохьа, лой-ша, дуь-хьарг, йуьхь-кIам, хьаьр-са, къаь-хьа, хьаьж-на, хаьр-жи-на.*

**Ца мега:** *къи-эга, ти-эрса, къа-ьхьа.*



**§ 136.** Дешдакъа ца кхуллуш долу дакъалг ша дехьадаккха ца мега.

**Масала:** *ди-кх, со-м, со-х, аьл-ла-кх, кIант-м, лекха-ниг-м, кIант-х, ду-кх, мацвелла-кх, стигал-м.*

**§ 137.** Дош дехьадоккхуш, ***ъ, ь, й*** шайна хьалхарчу элпех (дешдекъах) къасто ца мега.

**Масала:** *айъ-ина / айъи-на, сай-ра, бай-ракх, гӀай-ракх, цӀий-ло, кӀай-ло, йай-ло, компь-ютер / компью-тер, шекь-хила / шекьхи-ла.*

**§ 138.** Аббревиатураш йекъа ца мега.

**Масала:** *НР, РФ, НГIАССР, НПУ, НПХЬУ.*

**§ 139.** Терахьца долу даццдина дош дехьа ца доккху.

**Масала:** *2019 ш., 15 кеп., 20 сек., 1000 с., 100 л., 80 км, 50 к.*

**§ 140.** Цифращца билгалдинчу терахьан чаккхе дехьайаккха ца мега.

**Масала:** *30-чу дийнахь, 2020-чу шарахь, 5-чу классехь.*

**§ 141.** Хьалхарчу цхьана элпа тIе кхаччалц даццдина дешнаш декъа ца мега.

**Масала:** *и. д. кх. а (иштта дIа кхин а); ц. т. кх. а (цу тайпана кхин а).*



**§ 142.** ЦІей, ден цІей билгалйен элпаш а, фамили а керлачу могІане дехьайоккхуш вовшах къасто ца мега.

**Масала:** *Тимаев А.Д., Чокаев К.З., Ю.Д. Дешериев, Абдуллаев Л.Ш., Л.Н. Толстой.*





# ДОККХА ЭЛП ЙАЗДАР





**§ 143.** Доккхачу элпаца йазйо:

1) долахь цӀераш (адамийн, дийнатийн, хӀуманийн, пачхьалкхийн, гӀаланийн, йартийн, и. д. кх. а).

**Масала:** *Зина, Роза, Луиза, Тоита, Хеда, Зулпаъ, Мохьмад, Ахьмад, Терк, Орга, Москва, Алма-Ата, «Исламан зӀаьнарш», «Даймохк» газет, «Еха буьйсанаш», «Зеламха» цӀераш йолу книгаш; Ча такхийна тача, Барза, Хьама, Шарик, КӀорни, Чухаш, Тулам.*



2) предложенин хьалхара дош.

**Масала:** *Мархех халла чекхйуьйлучу маьлхан зIаьнарша таьIно къегадора башлаьмнийн кортош.*
*/М. Сулаев./*

**§ 144.** Долахь цIерех схьадевлла цIердешнаш йукъара цIераш ларало, цундела уьш жимачу элпаца йазйо.

**Масала:** *Шела – шелахо, Марта – мартанхо, Терк – теркахо, Ведана – веданхо.*

**§ 145.** Къаьмнийн а, тайпанийн а цIераш а, иштта гIаланийн а, йартийн а цIерех кхоллайелла адамийн йукъара цIераш а кегийчу элпашца йазйо.

**Масала:** *нохчи, гIалгIа, гуьржи, оьрси, гIебарто, узбек, казах, новрахо, москвич, Iаларо, курчало, бено, цIонтаро, чIинхо, гендаргано.*



**§ 146.** Пачхьалкхийн, пачхьалкхан субъектийн цIерашкахь массо дош а, пачхьалкхан (пачхьалкхан субъектийн) лаккхарчу органийн, даржийн цIераш а даккхийчу элпашца йазйо.





**Масала:**

*Нохчийн Республика; Россин Федераци; Іарбийн Цхьаьнатоьхна Эмираташ; Нохчийн Республикин Куьйгалхо; Нохчийн Республикин Правительство; Нохчийн Республикин Парламентан Председатель; НР-н Правительствон Председатель; Нохчийн Республикин Куьйгалхочун а, Правительствон а Администраци; Нохчийн Республикин Кхерамзаллин Кхеташо; Нохчийн Республикин Йукъараллин Палата; Нохчийн Республикин Конституци; Нохчийн Республикин Куьйгалхочун буьйр; Нохчийн Республикин Правительствон сацам; Нохчийн Республикин Куьйгалхочун а, Правительствон а Администрацин Куьйгалхочун сацам.*



**§ 147.** Министерствийн, комитетийн, комиссийн, ведомствийн, учрежденийн, организацийн цIерашкахь хьалхара дош а, долахь цIераш а доккхачу элпаца йаз-йо, кхидIадерш – кегийчу элпашца йаздо.

**Масала:** *Къилбаседа Кавказан гIуллакхийн министерство; Нохчийн Республикин пачхьалкхан университет.*

*Нохчийн Республикин* ***м****огашалла Iалашйаран министерство,* амма*:* ***М****огашалла Iалашйаран министерство; А.А. Айдамировн цIарах* ***къ****оман библиотека,* амма: ***Къ****оман библиотека.*

**§ 148.** Пачхьалкхийн, къаьмнийн исторехь хиллачу баккхийчу хиламийн цIераш доккхачу элпаца йазйо. Ша хилам билгалбен дош (тIом, революци, гIаттам) жимачу элпаца йаздо.

**Масала:** *Сийлахь-боккха Даймехкан тIом, Февралан революци, Дуьненан шолгIа тIом, Кавказан тIом, Французийн революци.*

**§ 149.** Орденийн, мидалийн, пачхьалкхан кхидолчу совгIатийн цIераш даккхийчу элпашца йазйо, ткъа цу цIерашкахь хуьлуш долу **орден, мидал,** кхидолу дешнаш жимачу элпаца йаздо.

**Масала:** *Кадыровн орден, ДоттагIаллин орден, Къонахаллин орден, «Ненан сий» мидал, Сийлаллин грамота, Баркаллин кехат.*



**§ 150.** Дезачу а, гІарадевллачу а денойн цІераш доккхачу элпаца йазйо.

**Масала:** *Хьалхара май, БархІалгІа март, Керла шо, Нохчийн меттан де, Толаман де.*

Нагахь рогІаллин терахьдош цифраца билгалдоккхуш хилахь, цунна тІаьхьадогІу дош доккхачу элпаца йаздо.

**Масала:** *1-ра Май, 8-гІа Март.*





**§ 151.** Іилманийн, бІаьхаллин даржийн, гІуллакхаллин, сийлаллин цІераш кегийчу элпашца йазйо.

**Масала:** *НР-н Іилманийн академин президент, инарла-лейтенант, инарла-майор, инарла-полковник, Пачхьалкхан планови комиссин председатель, РСФСР-н хьакъволу артист, РФ-н халкъан хьехархо, НР-н халкъан артист.*





**§ 152. Турпалхо** бохучу цIердешан йаздаран ши кеп йу. Сийлаллин цIеран маьIнехь иза доккхачу элпаца йаздо.

**Масала:** *Россин Турпалхо.*

Йукъарчу маьIнехь жимачу элпаца йаздо.

**Масала:** *романан турпалхо, майра турпалхой, туьйранан турпалхо, историн турпалхо.*

**§ 153. Даймохк** боху цIердош доккхачу элпаца йаздо.





**§ 154.** Дуьненан агIонийн цIераш шайн коьртачу маьIнехь кегийчу элпашца йазйо.

**Масала:** *къилбе, къилбаседе, малхбале, малхбузе.*

Нагахь и цIераш мехкийн цIерийн маьIнехь хилахь, уьш доккхачу элпаца йазйо.

**Масала:** *Генара Малхбале, Малхбузен пачхьалкхаш.*



**§ 155.** Россин Федерацина йукъайогӀуш йолчу республикийн цӀерашкахь массо а дош доккхачу элпаца йаздо, ткъа областийн, округийн, крайн, автономин областийн цӀерашкахь хьалхара цхьа дош доккхачу элпаца йаздо.

**Масала:** *Нохчийн Республика, Ставрополан край, Ростован область, Ненцойн автономин округ.*



**§ 156.** Йукъарчу маьӀнехь **республика** дош жимачу элпаца йаздо.

**Масала:** *Россина йукъайогӀу республикаш; Къилбаседа-Кавказан республикаш.*





**§ 157.** Долахьчу цIерашкахь-аббревиатурашкахь дерриге а элпаш даккхий йаздо.

**Масала:** *НР, РФ, НРIА, РIА, ЧГТРК, НПУ.*

Йукъара цIераш билгалйеш а, аьзнашций, деш-дакъошций дешалуш а долу чолхе-дацдина дешнаш кегийчу элпашца йаздо.

**Масала:** *вуз, йуьртсовет, госхоз, районо.*





**§ 158.** Областийн, кIоштийн, йартийн администрацийн цIерашкахь хьалхара цхьа дош доккхачу элпаца йаздо.

**Масала:** *Карагандан область, Алма-Атан область, Теркан кIошт, Шелан администраци, Шуьйтан а, Веданан а кIошташ.*



## ЧУЛАЦАМ

Хьалхара дош ........................................................................ 8
Редакторшкара......................................................................... 10
Мукъачу а, мукъазчу а элпийн нийсайаздар ........................ 18
ЦIердешнийн нийсайаздар ................................................... 37
Билгалдешнийн нийсайаздар ................................................ 64
Терахьдешнийн нийсайаздар ............................................... 74
ЦIерметдешнийн нийсайаздар .............................................. 80
Хандешнийн нийсайаздар ..................................................... 91
Причастийн, деепричастийн нийсайаздар ............................110
Цхьаьна а, къаьстина а, дефисца а йаздар ............................126
Чолхечу цIердешнийн нийсайаздар ..................................... 127
Чолхечу билгалдешнийн нийсайаздар ............................ 137
Чолхечу терахьдешнийн нийсайаздар ............................ 142
ЦIерметдешнийн нийсайаздар ........................................ 147
Чолхечу хандешнийн нийсайаздар ................................. 151
Чолхечу причастийн, деепричастийн нийсайаздар ......... 157
Чолхечу куцдешнийн нийсайаздар ................................. 160
Чолхе айдардешнийн а, азтардарийн а нийсайаздар ....... 163
Дешхьалхенаш а, дештIаьхьенаш а нийсайазйар................ 165
Хуттургаш нийсайазйар ...................................................... 169
Дакъалгаш нийсайаздар ...................................................... 173
Йукъадалочу дешнийн нийсайаздар .................................... 186
Дош дехьадаккхар ................................................................ 189
Доккха элп йаздар ............................................................... 204

**НОХЧИЙН МЕТТАН НИЙСАЙАЗДАРАН КОЬРТА БАКЪОНАШ**

---

**ОСНОВНЫЕ ПРАВИЛА ОРФОГРАФИИ ЧЕЧЕНСКОГО ЯЗЫКА**


**Составители:**
***Джамалханов З.Д., Мациев А.Г., Овхадов М.Р., Халидов А.И., Вагапов А.Д., Умхаев Х.С., Бадаева А.С., Ирезиев С.-Х.С.-Э., Альбеков Н.Н., Абдулкадыров А.Т., Солтаханов И.Э., Дадаев С.П.***



Редактор *Халидов А.И.*
Технический редактор *Дашаева Л.Х.*
Корректоры *Аболханов Х.А., Юнусов Х.И.*
Компьютерная верстка *Гебаева Д.Х.*

Подписано в печать 13.08.2020. Формат 60x90$^{1}/_{16.}$
Усл. печ.л. 13,0 . Заказ № . Тираж 2000 экз.

АО «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий»
364000, ЧР, г. Грозный, ул. Санкт-Петербургская, 12/35